**O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI**
**JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIG'I**

**AJINIYaZ ATIN'DAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOG'IKALIQ INSTITUTI**

**Tariyx-geografiya fakulteti**
**Milliy ideya, ruwxiyliq tiykarlari ha`m huqiq ta`limi bag`darinin'` 4 a kurs talabasi**

**Palwaniyazov Zayırbek Begdiyar ulının'`**

**TEMA: Mektep oqıwshılarının' h'uqıqıy ta'rbiyasın qa'liplestiriwde h'uqıq pa'nlerin oqıtıwdın' a'h'miyeti**

# Pitkeriw qa`nigelik jumisi

**Ilimiy basshi:**
Ulken oqitiwshi
B. I. Arzieva

**NO`KIS-2019j.**

Pitkeriwshi Palwaniyazov Zayırbektin’’ «Mektep oqıwshılarının’ h’uqıqıy ta’rbiyasın qa’liplestiriwde h’uqıq pa’nlerin oqıtıwdın’ a’h’miyeti» degen temadag`i pitkeriw qa`nigelik jumisi Milliy ideya, ruwxiyliq tiykarlari ha`m huqiq ta`limi kafedrasinin’`2019 jil ____________ ku`ngi _____-sanli protokoli tiykarinda ma`mleketlik attestatsiya komissiyasina qorg`awg`a usinis qilindi.

**Milliy ideya, ruwxiyliq tiykarlari**

**ha`m huqiq ta`limi**

**kafedrasi baslig`i: f.i.k.A.Embergenov**

Pitkeriwshi Palwaniyazov Zayırbektin’’ «Mektep oqıwshılarının’ h’uqıqıy ta’rbiyasın qa’liplestiriwde h’uqıq pa’nlerin oqıtıwdın’ a’h’miyeti» degen temadag`i pitkeriw qa`nigelik jumisi 2019 jil _____________ku`ngi institut rektorinin’` ______ - sanli buyrigimenenma`mleketlik attestatsiya komissiyasina qorg`awg`a usinis qilindi.

Ma`mleketlik attestatsiya komissiyasinin’` qararimenen Palwaniyazov Zayırbektin’’ bakalavr pitkeriw qa`nigelik jumisina ______ ball qoyildi.

**Tema**: **Mektep oqıwshılarının’’ h’uqıqıy ta’rbiyasın qa’liplestiriwde h’uqıq pa’nlerin oqıtıwdın’ a’h’miyeti**

I. Kirisiw.

II.Bap. Ha`zirgi da`wir jaslarinin’` huqiqiy ta`rbiyasin qa`liplestiriw

I2.1. Huqiqiy ta`rbiya tu`sinigi

2.2. Konstitutsiya-huqiqiy ta`rbiya tayanshi.

2.3. Jaslardin` huqiqiy ma`deniyatin’ ha`m huqiqiy ta`rbiyasin qa`liplestiwde tarixiy-huqiqiy dereklerdin` a`hmiyeti.

III. Bap. Mektep oqiwshilarinin’` huqiqiy ta`rbiyasin ha`m huqiqiy ko`z qarasin qa`liplestiriw.

3.1. Mektep oqıwshılarının’ h’uqıqıy ta’rbiyası h’a’m h’uqıqıy ma’deniyatınin’’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri.

3.2. «Ma’mleket h’a’m h’uqıq tiykarları», «İnsan h’u3quqları», «Konstitutsiyadan sabaqlar», «Konstitutsiya a’lemine sayaxat» oqıw pa’nlerinin’’ h’uqıqıy ta’rbiyadag’ı a’h’miyeti.

3.3. Mektepte sabaqtan tısqarı jag’daylarda jaslardın’ huqıqıy ta’rbiyasın ha’’m huqıqıy ma’deniyatın sho’lkemlestiriw.

IV. Juwmaqlaw

V. Paydalangan adebiyatlar dizimi

Kirisiw

O`zbekistan demokratiyaliq rawajlaniw jolinan qa`dem basip alg`a ilgerlemekte, huqiqiy ma`mleket quriw jolin tan`lag`an. A`dalatli demokratiyaliq ja`miyet tek g`ana insan, ja`miyet ha`m ma`mleket paydasinnin’` birligi ha`m alg`a ilgerilewi tiykarinda du`zilmekte. Olar ortasindag`i qatnasiqlardin` tiykarinda nizamshiliqti payda etiwi lazim.

«Huqiqiy ta`rbiyasin ha`m huqiqiy bilim, huqiqiy izleniwshilik hazirgi waqitta ma`mleket ha`m ja`miyet aldinda turg`an waziypalardin` na`tiyjeli sheshiliwin ta`miyinleydi»[1]- dep ko`rsetilgen. Ja`miyetde huqiqiy ma`deniyatti jetilistiriw milliy da`stu`rinde.

O`zbekistan Repsublikasi Konstitutsiyasi insandi joqari qa`diriyat sipatin’da bahalar eken, puqara, ja`miyet ha`m ma`mleket ortasindag`i qatnasiqlardi demokratik – huiqiqiy jol menen sheshiwdi yuridik jaqtan bekkemlep baradi.

Elimizde xaliqtin’`, sonin’` ishinde keleshegimiz bolg`an jaslardin` huqiqiy ma`deniyatin’ rawajlandiriw ha`m huqiqiy ta`rbiyasin jaqsilawg`a qaratilg`an isleri ma`mleket siyasatin’in` tiykarg`i bag`darlarinin’` aylandı. 1998 jil 25 iyunda ja`riya etilgen «Huqiqiy ta`rbiyani jaqsilaw, xaliqtin’` huqiqiy ma`deniyati da`rejesin jaqsilaw, huqiqshunos kadrlardi tayarlaw dizimin bekkemlew, ja`miyetshilik pikirin u`yreniw islerin jaqsilaw haqqinda» g`i normativ xujjettegi normalar a`melge asirilg`an. Onda «xaliqtin’` huqiqiy ta`rbiyasin ha`m huqiqiy ma`deniyatin’ asiriw tiykarinda alip barilip atirg`an isler – ma`mleket siyasatin’in` tiykarg`i bag`darlarinin’` biri etip belgilensin» delingen.[2]

Jaslarg`a huqiqiy ta`rbiya beriwdegi tiykarg`i maqset ha`r bir jas huqiqiy ma`deniyatti o`zlestirip aliwg`a erisiwden ibarat. Huqiqiy ma`deniyat shaxs, ja`miyet ha`m ma`mleket rawajlaniwinin’` o`zine ta`n belgisidu`r. Ja`miyetke nisbatan huqiqiy ma`deniyat ha`m yuridik qa`diriyatlar ha`m normativ aktler,huqiqiy institututlar, huqiqiy snan ha`m minez – xulq birliginin’` ko`rinisin beredi. Al insang`a nisbatan bolsa, ol qorshag`an du`nyani sa`ulelendiretug`in

[1] Узбекистан Республикасы Олий Мажилисинин ахборотноиаси 1996ж. 75-модда.

[2] Узбекистон Республикаси Олий Мажилисининг ахборотномаси 1996ж. 185-модда.

o`zine ta`n «huqiqiy nizam» bolip, huqiqiy uaqiyani o`zlestiriwshi mezon sipatin’da ko`rinedi.

Jaslardin` tu`rli huqiq tarawlarinin’` normativ aktlerin, huqiqiy printsiplerin, ma`mleket organlarin, sonday – aq huqiqti qorg`awshi organlardi du`ziw ta`rtibin ha`m olardin` xizmet ta`rtibin biliwi jaslarda huqiqiy ma`deniyatti rawajlandiriwdin` za`ru`r sha`rtidu`r.

Ma`mleketimizde jaslar huqiqti qay da`rejede biliwi elege shekem anio`lanbag`an. Jaslardin` huqiqiy bilimlerdi biliwi ha`r tu`rli bolip esaplanadi. Jas barg`an sayin jaslardin` huqiqiy bilimleri asip baradi.

Insannin’` huqiqti biliw da`rejesi, yaa`niy basqasha qilip aytqanda huqiqiy sawatliliq da`rejesi, onin’` huqiqqa qizig`iwshiliq da`rejesine de baylanisli. Bunday qizig`iwshiliq insandi ha`r qiyli huqiqiy jan`aliqlardi jiynawg`a, biliwge aktivlestiredi.

Huqiqiy ta`rbiyasin tı u`yreniwde uliwmalig`i baslang`ish talaplarin talqilap, huqiqiy ma`deniyatti aksiologik talqilawsiz ko`z aldimizg`a elesletiw mu`mkin emes. Aksiologik qarassiz huqiqiy ma`deniyatti duris an`law mu`mkig emes. Huqiqiy ma`deniyat teoriyasin qa`liplestiriw printsiplerin esapqa aliw za`ru`r. Sonni ayriqsha aytip o`tiw kerek, ma`mleket ha`m huqiq teoriyasi ko`leminde g`a`rezsiz ilimiy bag`dar bolg`an huqiqiy ma`deniyattaniw yaki basqasha so`z benen aytqanda huqiqiy ma`deniyat teoriyasi qa`liplesedi.

Huqiqiy ta`rbiya ja`miyet ha`m shaxstin’` huqiqiy jag`dayi timsalinda qabil etiwi menen ayriqsha sotsial ha`diysesi. Ja`miyettin’` huqiqiy ma`deniyat huqiqiy sanasinin’, nizamnin’`, nizamdi sho`lkemlestiriwdin` ha`m huqiqiy ta`jriybenin’` belgili da`rejesin ko`rsetetug`in ha`m de insaniyat huqiq tarawinda jaratqan pu`tkil bayliqlarin qamrap alatug`in sotsial ma`deniyattin’` bir tu`ri sipatin’da ko`riledi.

Haqiqiy huqiqiy ma`deniyat tariyxiy unamli huqiqiy ta`jriybeni itibarg`a almastan bar bola almaydi. «Ja`miyettin’` huqiqiy ma`deniyati» tu`sinigi ko`binese huqiqiy wa`qiyaliqtin’` qimbatli bo`legi. Ja`miyettin’` huqiqiy ma`deniyati shaxs erkinligi ha`m qa`wipsizligi,insan huqiqilarin ta`miynlew, onin’` huqiqiy qorg`aliwi ha`m sotsial iskerligin kepillew ushin zamin bolip esaplanadi. Ha`r bir

puxara nizam aldinda ten` ha`m basqa puxaranin’` milletin’,` tilin, dinin’, isenimin hu`rmet etiwge ma`jbu`r. Aytip o`tiw kerek, puxara o`z huqiq ha`m erkinligina`melge asirg`anda basqa shaxstin’` ma`mleket ha`m ja`miyettin’` nizamli ma`pleri huqiqlari ha`m erkinliklerine ziyan jetkermewi kerek.

Huqiqiy ta`rbiyasin tayanshi bul O`zbekistan Respublikasinin’` Konstitutsiyasi. Huqiqiy ma`deniyat Konstitutsiyaliq tiykarlarina iye. Huqiqiy jan`alaniw ha`m rawajlaniwdig`i ma`mlekettin’` o`z kontseptsiyasi islep shig`ilg`an ha`m ol a`melge asirilmaqta. O`zbekistannin’` birinshi Konstitutsiyasinin’` qabil etiliwi xalqtin’` uzaq a`sirlik tariyxinda da`bdebeli waqiya boldi. O`zbekistan Respublikasinin’` Konstitutsiyasi -o`zbek xalqinin’` jas ma`mleketin’in` shin ma`nistegi g`a`ersizsizliginin’` huqiqiy zamini.

Huqiqiy ta`rbiya ba`rqulla ma`mlekettin’` siyasat,ekonomika ha`m ta`rbiyag`a salistirg`anda o`z nuqtai na`zerin xalqqa aniq jetkerip beriw boyinsha en` isenimli jol bolip esaplanadi. Huqiqiy normalar jazba formada sa`wlelenedi ha`m sol ta`rizde adamlar ol menen ma`mleket ta`repinen ta`riyplegenin’dey formada tanisiw imkaniyatin’a iye boladi.

Da`slep huqiqiy ta`rbiya jan`a insandi kamal taptiriwdin` paydali qurali bolip esaplanadi. Nizamlar ja`miyetimizdin` en` a`hmiyntli ta`rbiyaliq normalarin ko`rsetiw menen bir waqitta bul normalardin` tek dag`azalaniwi emes,sonin’` menen birge real ta`miynleniwinin’` da`lili bolip ta xizmet etedi. Sol ta`repten alg`anda huqiq qu`diretli ta`rbiya qurali bolip esaplanadi. Jaslarda ma`mleketlik-huqiqiy ma`selelerge unamli qatnasiqti qa`liplestiriw kerek,sebebi olardin` keleshekte ma`mleketimizdin` rawajlandiriliwi ha`m sho`lkemlestiriliwi menen baylanisli ma`selerdi sheshiwge tuwri keledi. Tek a`ne sonday ma`selelerdi sheshiw isinde huqiqiy ta`rbiyag`a saliwdin` tiykarg`i printsipleri menen tanis, nizam haqqinda tu`sinikke iye, Konstitutsiyani biletug`in, o`z ma`mleketi ha`m huqiqi,nizamdi hu`rmet etiw ruwhinda ta`rbiyalang`an adamlar qatnasiwina jetiskenliklerge erisiwi mu`mkin.

## II.Bap. Ha`zirgi da`wir jaslarinin'` huqiqiy ta`rbiyasin qa`liplestiriw.

### 2.1. Huqiqiy ta`rbiya tu`sinigi

A`yyemgi zamanlardan (eramizdin` I a`sirinin'` ortalarinan) bizin` da`wirimizge shekem jetip kelgen «`Ulliliq haqqinda»`g`i shig`armada minaday pikir bayan etilgen: «A`dette ha`r bir alim ushin ol a`mel etiwi kerek bolg`an eki talap qoyiladi: birinshiden, izertlewdin` ob`ektin' aniqlaw; ekinshiden, bul temani iyelewge ja`rdem beretug`in metodlardi tabiw ha`m olardi ko`rsetiw. Bunda ekinshi talap ta`rtip boyinsha birinshisinen keyin tursa da, biraq a`hmiyeti jag`inan og`ada za`ru`r»`. O`tken ju`z jilliqlar bul belgisiz avtordin` pikirlerinin'` qanshelli danaliq penen aytilg`anlig`in ha`m haqiyqiy ekenligin toliq tastiyiqladi.

Joqari mamanliqtag`i huqiqtaniwshi boliw ushin en` da`slep ma`mleket ha`m huqiq haqqindag`i tiykarg`i tu`siniklerdi, printsiplerdi, ta`liymatlardi biliw za`ru`r. Uliwma alg`anda, ma`mleket ha`m huqiq haqqindag`i bilimler huqiqtaniw pa`nin'in` tu`rli tarawlari ja`rdeminde u`yreniledi. Huqiqtaniw pa`nleri ishinde orayliq orindi ma`mleket ha`m huqiq teoriyasi iyeleydi. Ma`mleket ha`m huqiq teoriyasi huqiqtaniw pa`nlerinin'` metodologiyaliq teoriyaliq fundamentin' quraydi.

Ma`mleket ha`m huqiq teoriyasi quraminda ha`m ilim, ha`m huqiqiy ta`lim boyinsha tu`rli biyg`a`rez jo`nelisler bar. Bulardin` ishinen ma`mleket ha`m huqiq filosofiyasi, ma`mleket ha`m huqiq sotsiologiyasi, salistirmali huqiqtaniwshiliq, huqiqiy ideologiya tiykarlari ha`m basqalardi ko`rsetiw mu`mkin. XX a`sirdin` son`g`i shereginde ja`ne bir biyg`a`rez jo`nelis huqiqiy ta`rbiyasin teoriyasi qa`liplesti.

Ha`r qanday teoriya siyaqli huqiqiy ta`rbiya teoriyasi da ma`mleket ha`m huqiq teoriyasinin'` quramliq bo`legi bolip, a`meliyat penen tig`iz baylanisli boladi. Huqiqiy ma`deniyat teoriyasi huqiqiy a`meliyat rawajlaniwinin'` jo`nelisin belgilep beredi. Ol huqiqiy a`meliyat juwmaqlari ha`m ta`jiriybelerinin'` sintezi bolip tabiladi.

Huqiqiy ma`deniyat teoriyasi huqiqiy a`meliyat nizamliliqlarin sa`wlelendiriwshi ta`jiriybenin'` logikaliq uliwmalastiriliwi. Huqiqiy ta`rbiyasin

huqiqiy a`meliyat penen organikaliq baylanisqan bolip, a`meliyatqa xizmet etedi ha`m a`meliyattan kelip shig`adi.

Huqiqiy ta`rbiya a`meliy turmis penen de, huqiqiy a`meliyat ha`m ta`jiriybe menen de bekkem baylanisli bolip keledi. Tariyxiy rawajlaniw protsessinde turmis alg`a qoyg`an u`lken waziypalar negizinde huqiqiy ma`deniyat teoriyasi o`z juwmaq ha`m usinislarina aniqliqlar kirgizedi, bayitadi ha`m rawajlandiradi. Huqiqiy ma`deniyat ha`r bir ja`miyettin’` sotsialliq rawajlaniwinin’` a`hmiyetli ko`rsetkishi. Demokratiyaliq huqiqiy ma`mleketti qa`liplestiriwde shaxs, ma`mleket ha`m ja`miyettin’` huqiqiy ma`deniyatin’ rawajlandiriw u`lken a`hmiyetke iye.

Huqiqiy ta`rbiyasin huqiqiy ma`deniyattin’` tiyqarg`i tu`sinikleri ha`m mazmuni, printsipleri ha`m nizamliliqlari, ja`miyettegi waziypasi ha`m rawajlaniwi haqqindag`i bilimlerdin` uliwmalastirilg`an sistemasi.

Ha`r bir ja`miyettegi demokratiyaliq o`zgerisler ayriqsha a`hmiyetke iye. Bul protsesslerge du`n`ya ju`zilik huqiqiy rawajlaniw printsipleri ko`z-qarasinan qaraw za`ru`r. Bul, bir ta`repten, O`zbekstandag`i huqiqiy reformalardin` jo`nelisleri ha`m kriteriyalari, qa`diriyatlari ha`m maqsetlerin aniq belgilewge ja`rdem berse, ekinshi jag`inan, ma`mleketimizdin` rawajlaniwinda huqiqiy ma`deniyatimiz qay jerden kelip, qayaqqa ketip atir, onin’` o`zine say o`zgeshelikleri, rawajlaniwinin’` forma ha`m ko`rinisleri, kriteriyalari bar ma yaki du`n`yada bar bolg`an huqiqiy rawajlaniw ag`iminan kete me, degen sorawlarg`a juwap tabiwg`a imkan jaratadi. Mine usi ma`seleler huqiqiy ma`deniyat oqiw pa`nin’in` qisqasha negizin, o`zegin quraydi.

Demokratiyaliq huqiqiy ma`mleketti qa`liplestiriw ja`miyet, lawazimli shaxslar ha`m puqaralardin` huqiqiy ma`deniyatin’ arttiriwday ken` ko`lemli islerdi a`melge asiriwg`a iytermeleydi. Usi ma`nisten alip qarag`anda, huqiqiy ma`mlekettin’` a`hmiyetli belgisi bul joqari da`rejedegi huqiqiy ma`deniyat bolip tabiladi. Sotsial-ekonomikaliq ha`m demokratiyaliq reformalardi tabisli a`melge asiriw, zamanago`y bazar qatnasiqlari mexanizmin jaratiw ja`miyetimizdin` aldina O`zbekstannin’` huqiqiy sistemasin ha`m de puqaralardin` huqiqiy sanasi ha`m

huqiqiy ma`deniyatin’ ja`ha`n standartlarina iykemlestiriwdey og`ada aktual mashqalani sheshiw ma`selesin qoymaqta.

Huqiqiy ta`rbiyasin en` da`slep, ja`miyet ha`m shaxstin’` uliwma ma`deniyatin’in` ko`rsetkishi bolip tabiladi. Ja`miyet ma`deniyatin’in` joqari da`rejesi huqiqqa teren` hu`rmet ko`rsetiw ha`m oni jaqsi biliwge iytermeleydi. O`z gezeginde, huqiq normalarinin’` talaplarin biliw ha`m olarg`a boysiniw puqaraliq ja`miyeti demokratiyalilig`inin’` ha`m ma`deniyatin’in` sha`rtlerinin’` biri.

Buring`i du`zim ushin ja`miyette joqari huqiqiy ta`rbiyasinnin’` boliwinin’` keregi joq edi. A`lbette, ma`mleket hu`kimdar kommunistlik ideologiya menen suwg`arilg`an huqiq talaplarin so`zsiz orinlawshi puqaralarg`a iye boliwdan ma`pdar edi ha`m ko`binese bug`an eristi de. Biraq, bunday du`zim, huqiqti toliq a`melge asiriwg`a qaratilg`an negizgi huqiqiy ma`deniyattin’`, ha`tte ol ideologiyalastirilg`an bolsa da, hu`kimran boliwina jol qoya almas edi. Du`zim ushin o`z huqiq ha`m erkinliklerin onsha bilmeytug`in puqarag`a qarag`anda huqiqiy jaqtan sawatli insan qa`wiplirek edi.

Demokratiyaliq huqiqiy ma`mleketti qurmaqta. Bunday ma`mlekettin’` ko`plegen belgileri ko`rinip turipti, basqalari ushin bolsa za`ru`rli sharayatlar jaratilmaqta.

Xosh, ja`miyet ta`rbiyasinın huqiqiy awhali qanday? Ol negizgi huqiqiy ma`mleket talaplarina juwap bere me? Tilekke qarsi, keyingi sorawg`a unamli juwap bere almaymiz.

Demek, huqiqiy ta`rbiyasin degende ja`miyette qarar tapqan huqiqiy sistemanin’` da`rejesin, xaliqtin’` bul huqiq sistemasinan xabardarliq da`rejesin, puqaralardin` nizamg`a bolg`an hu`rmeti, huqiqiy normalardin` orinlaniw da`rejesin, huqiqqa boysinbag`anlarg`a qatal boliw, nizamg`a boysiniw da`rejesin tu`sinemiz.

Bul ma`seleler boyinsha ja`miyette ju`zege kelgen ideya ha`m pikirler, teoriya ha`m ideologiya huqiqiy ma`deniyat teoriyasi tu`sinigin payda etedi.

Huqiqiy ma`deniyatti analizlegende, onin`` ko`p qatlamli ko`rinisi ha`m quramliq bo`leklerinin`` ko`p qirli ekenligin inabatqa aliw lazim.

## 2.2. Konstitutsiya-huqiqiy ta`rbiya tayanshi.

Xalqi'mi'z XX a'sirdin' aqi'rg'i' won ji'lli'g'i'ndag'i' tariyxi'y waqi'yalardi' hesh qashan umi'tpaydi'. Sebebi, usi' won ji'lli'qti'n' baslari'nda g'a'rezsizlikke qaray qa'dem basi'ldi'. Ata-babalari'mi'zdi'n' buri'nnan arzi'w a'rmani' g'a'rezsizlik-wo'z ta'g'dirin wo'zi belgilew huquqi' qolg'a kirgizildi. Keleshegi ulli' O'zbekstandi' jarati'w ushi'n u'les qosi'w usi' Watan perzentlerinin'' ha'r birinin'' pari'zi'. Joqari' juwapkershilikti sezip, ja'miyette wornati'lg'an ta'rtip ha'm intizamg'a a'mel yetip jasaw huquqi'y ma'mleketke ta'n qa'siyet boli'p yesaplanadi'. Soni' ayti'w kerek, huquqi'y ma'mleket wo'z-wo'zinen payda bolmaydi'. Buni'n' ushi'n turmi'sta Konstituciya ha'm ni'zamlardi'n' u'stin'ligi ta'miynleniwi kerek. O'zbekstan Respublikasi' Konstituciyasi' tiykari'nda joqari' huquqi'y sana ha'm huquqi'y ma'deniyat boli'wi', juwapkershilik ha'm ma'jbu'rlilikti sezinip jasaw qa'lbi wornawi' za'ru'r. O'zbekstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'-joqari' yuridikali'q ku'shke iye hu'jjetler boli'p yesaplanadi'.Woni'n' qabi'l yetiliwi huquqi'y tikleniw ha'm rawajlani'wg'a ilgerlew boladi'. G'a'rezsizlik Konstituciyasi' ma'mleketimiz g'a'rezsizliginin'' u'lken simvoli' boli'p, wonda wo'z g'a'rezsiz ha'm rawajlani'w joli'mi'z sa'wlelenedi. O'zbekstan Konstituciyasi' xali'qti'n' tileklerin sa'wlelendiriwshi a'dalatli' ma'mleket, pa'rawan ja'miyet ha'm yerkin turmi's quri'w ha'm woni' rawajlandi'ri'wdi'n' keleshegin belgileydi. Wonda insan turmi'si', woni'n' hu'rmeti, qa'dir-qi'mbati', haq-huquqlari' ha'm ma'pleri joqari' qa'diriyat si'pati'nda bekkemlep qoyi'lg'an. Tiykarg'i' ni'zami'mi'zda belgilengen normalardi'n' turmi'sta a'meliy sa'wleleniwinde wo'sip kiyati'rg'an jas a'wladti'n' Konstituciya ha'm woni'n' tiykari'nda qabi'l yetilgen ni'zamlardi'n' mazmuni' haqqi'ndag'i' huquqi'y bilimge iyeligi, huquqi'y sanasi' ha'm huquqi'y ma'deniyatti'n' jetiskenligi a'hmiyetli rol woynaydi'.

Biz ni'zam bekkem bolg'an ja'miyet qurmaqshi'mi'z. Ni'zamni'n' u'stin'ligi-bul ni'zamg'a boysi'ni'w ha'mme ushi'n ma'jbu'riy bolg'an, woni'

buzi’wg’a hesh qanday jol qoyi’p bolmaytug’i’n huquqi’y turmi’s ta’rtibi boli’p yesaplanadi’. Soni’n’ ushi’n bul turmi’sli’q ta’rtipke wo’zimizdi tayarlap ha’m jetkilikli huquqi’y bilimlerge iye boli’p bari’wi’mi’z tiyis. Soni’da atap wo’tiwimiz kerek, tek g’ana huquqi’y bilimli boli’wdi’n’ wo’zi jetkilikli yemes, soni’n’ menen birge iyelegen bilimlerdi turmi’sta qollani’p biliw ma’deniyati’n da wo’zimizde ta’rbiyalap bari’wi’miz kerek. Sebebi, huquqi’y bilim ha’m woni’ a’melde qollani’w ma’deniyati’ huquqi’y-ruwxi’y ko’rinisimizdi ko’rsetiwshi wo’lshem boli’p yesaplanadi’. Konstituciyadag’i’ huquqi’y ideyalar g’a’rezsizlik ideologiyasi’nda tiykarg’i’ wori’ndi’ iyeleydi. O’zbekstan Respublikasi’ Konstituciyasi’ni’n’ qa’dir-qi’mbati’n hesh na’rse menen wo’lshep ha’m ten’lestirip bolmaydi’. Sebebi, wondag’i’ bekkemlengen qag’i’ydalarda ha’m sa’wlelengen ideyalarda xali’qti’n’, millettin’’, ha’r bir puqarani’n’ huquq ha’m yerkinlikleri ja’mlengen. O’zbekstan Respublikasi’ni’n’ huquq sistemasi’nda Konstituciya a’hmiyetli wori’n iyeleydi. Konstituciya huquq sistemasi’ni’n’ birlemshi tiykari’ boli’p yesaplanadi’. Soni’n’ ushi’nda Konstituciyani’ biliw za’ru’rligin belgileydi.Yelimiz wo’z aldi’na huquqi’y demokratiyali’q ma’mleket ha’m a’dil puqarali’q ja’miyet quri’wdi’ maqset yetip qoydi’ ha’m usi’ joldan bardi’. Buni’n’ ushi’n yen’ aldi’ menen ja’miyet ag’zalari’ni’n’ huquqi’y sanasi’, huquqi’y ma’deniyati’ ha’m huquqi’y sawatli’li’g’i’ joqari’ boli’w kerek. Xali’qti’n’ huquqi’y sawatli’li’g’i’n asi’ri’w maqsetin’de Oliy Majlis ta’repinen 1997 ji’l 29-avgustta “Ja’miyette huquqi’y ma’deniyatti’ ko’teriw haqqi’nda” Da’stu’r qabi’l yetildi.Bunnan ti’sqari’ bul boyi’nsha g’alaba-xabar qurallari’da bir qansha islerdi a’melge asi’rdi.Ma’mleketimizde shi’g’ari’li’p ati’rg’an ni’zamlardan xabardar boli’p,woni’n’ mazmun-ma’nisin tu’siniw ushi’n yen’ aldi’ menen tiykarg’i’ ni’zam Konstituciyani’ teren’ u’yreniw lazi’m yedi. O’zbekstan Konstituciyasi’n u’yreniw za’ru’rligin yesapqa ali’p, Respublika Prezidentin’in’ 2001 ji’l 4-yanvarda “O’zbekstan Respublikasi’ni’n’ Konstituciyasi’n u’yreniwdi sho’lkemlestiriw haqqi’nda” g’i’ Biyligi qabi’l yetildi. Bul biyliktin’’ maqseti Konstituciyamizdi’n’ ja’miyettegi worni’ ha’m a’hmiyetin’, ma’nis-mazmuni’n ha’m man’i’zi’n u’yretiw, jas a’wladti’n’ huquqi’y sanasi’n ha’m ma’deniyati’n

ta'rbiyalaw ha'm de jetilistiriwge qarati'lg'an. Bul Biylik O'zbekstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'n pa'nlerdin' qurami'nda yemes, al wo'z aldi'na woqi'w pa'ni si'pati'nda birinshi ma'rte bilimlendiriw mekemelerinin'' woqiw jobasi'na kirgiziwge tiykar boldi'.

Usi' Biylikten kelip shi'g'i'p, 2001 ji'l sentyabr ayi'nan baslap barli'q bilimlendiriw mekemelerine "O'zbekstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'n u'yreniw" woqi'w kursi' kirgizildi.

Ha'r bir ma'mlekettin'' tiykarg'i' ni'zami' –bul woni'n' Konstituciyasi' boli'p tabi'ladi'. Du'nyada yen' birinshi Konstituciya 1787 ji'li' AQShta payda boldi'. Du'zilisine ko're 7-statyadan ibarat bolg'an bul Konstituciyag'a bu'gingi ku'nge shekem bari' jog'i' 27 wo'zgeris ha'm qosi'mshalar kirgizilgen. Du'nyada qabi'l yetilgen waqti'nan baslap birde-bir wo'zgeriske ushi'ramag'an Konstituciyalarda bar. Wolar, Yaponiyani'n' 1947 ji'lg'i' Konstituciyasi' ha'm Daniyani'n' 1953 ji'lg'i' Konstituciyasi' kiredi. Al, du'nyada Konstituciyasi' joq ma'mleketlerde ushi'raydi'. Mi'sal yetip Angliyani' atap wo'tsek boladi'. Bul jerde tiykarg'i' ni'zam Konstituciya a'mel yetpeydi, mayda ni'zamlar toplami'-bill ha'reket yetedi. Konstituciyalar wo'zinin'' turaqli'li'g'i' ha'm a'mel yetiwlerine ko're qatti' ha'm jumsaq Konstituciya ja'ne de jazi'lg'an ha'm jazi'lmag'an Konstituciyalar boli'p bo'linedi. AQSh ma'mleketi Konstituciyasi'n qatti' Konstituciya qatari'na, buring'i' awqam ma'mleketi Konstituciyasi'n jumsaq Konstituciya qatari'na kirgizsek boladi'. G'a'rezsiz ma'mleketimizdin' Konstituciyasi'n jarati'w ideyasi' 1990 ji'l 20-iyunda qabi'l yetilgen "G'a'rezsizlik Deklaraciyasi' "ni'n' qabi'l yetiliwi menen tikkeley baylani'sli'. O'zbekstan Oliy Kengashinin'' 1990 ji'l 24-martda boli'p wo'tken XII shaqi'ri'q 1-sessiyasi' ku'n ta'rtibine jan'a Konstituciyani'n' joybari'n tayarlaw ma'selesin qoydi'. Oliy Kengashnin'g 1990 ji'l 20-iyunda boli'p wo'tken II-sessiyasi'nda Prezident İslam Karimov basshi'li'g'i'nda 64 adamli'q komissiya is basladi'. G'arezsiz ma'mlekettin'' Konstituciyasi'n jarati'w ushi'n woni'n' joybari'n du'ziwshi u'sh komissiya du'zildi. Joybarlardin' ha'r biri ja'riyalang'annan son' ishindegi yen' maquli' tan'lap ali'ndi'. Konstituciya joybari'ni'n' xali'q dodalawi' 3 ay dawam

yetti. Dodalaw prosessinde joybar tekstin’e 80 nen arti’q du’zetiwler kirgizildi. Aqi’ri’nda 1992 ji’l 8-dekabrde Oliy Kengashtin’’ XII-shaqi’ri’q, XI-sessiyasi’nda qabi’l yetildi. Konstituciyani’ qabi’l yetiwde ma’mleketshilk tariyxi’mi’z ta’jriybelerinende paydalandi’. A’sirese, A’mir Temur da’wirin atap wo’tsek boladi’. Sebebi, A’mir Temurda wo’z ulli’ ma’mleketin’ basqari’wda “Temur tuzukleri” dep atalg’an ni’zamlar toplami’na tiykarlani’p yel basqardi’.

“Temur tuzukleri” sol da’wirdin’ Konstituciyasi’ boli’p xi’zmet yetken. G’a’rezsiz ma’mleketimizdin’ Konstituciyasi’n do’retiwde to’mendegiler de tiykar yetip ali’ndi’:

- xali’qti’n’ g’a’rezsizlikke bolg’an arzi’w a’rmanlari’ ha’m umti’li’wlari’
- xali’qti’n’ u’rip-a’det,da’stu’rleri ha’m mentaliteti
- ja’han ma’mleketi ta’jriybeleri
- xali’q arali’q huquq normalari’

Konstituciyami’zdi’n’ tez-tez wo’zgeriske ushi’rawi’na tosqi’nli’q yetiwshi, woni’n’ turaqli’li’g’i’n ta’miynlew boyi’nshada bir qatar sharalar ko’rilgen. Konstituciyami’zdi’n’ 6-bo’liminde wo’zgeris kirgiziw ta’rtibi ha’m sha’rtleri kirgizilgen. Konstituciyamizg’a wo’zgeris ha’m qosi’mshalar kirgiziliwine sebep, da’wir wo’tken sayi’n yelimizde ha’r bir tarawda reformalar wo’tkerilip, yelimiz rawajlani’p baradi. Soni’n’ ushi’nda konstituciyami’zdi’n’ ayi’ri’m statyalari’ zaman talabi’na juwap bermey qali’wi’ aqi’betin’de wo’zgeris ha’m qosi’mshalar kirgiziliwi mu’mkin. O’zbekstan Respublikasi’ Konstituciyasi’na wo’zgerisler kirgiziwge tek g’ana Oliy Majlis Ni’zamshi’li’q palatasi’ deputatlari’, Senat ag’zalari’ uluwma sani’ni’n’ u’shten yeki bo’legi dawi’s bergen jag’dayda yamasa referendum arqali’ jol qoyi’ladi’. Oliy Majliske tiyisli usi’ni’s kirgizgennen son’ 6 ay dawami’nda Konstituciyag’a wo’zgerisler ha’m de du’zetiwler kiritiw haqqi’nda ken’ ha’m ha’r ta’repleme dodalawdi’ inabatqa alg’an halda qarar qabi’l qi’li’wi’ mu’mkin. Yeger Oliy Majlis wo’zgeris kirgiziw haqqi’nda usi’ni’sti’ qabi’l yetpese, wol keminde bir ji’ldan son’ Oliy Majlis dodalawi’na qayta kiritiliwi mu’mkin. Konstituciyami’zg’a usi’ ku’nge shekem bir neshe wo’zgeris ha’m qosi’mshalar kirgizildi.

Konstituciyami'z du'zilisine ko're **alg'i' so'z, 6-bo'lim, 26-bap,128-statyani'** wo'zine ja'mlestirdi.

**Alg'i' so'z**-Konstituciyani'n' kirisiw bo'limi yesaplanadi'.Wonda yelimizdin' rawajlani'w joli'ni'n' maqsetleri, wazi'ypalari' ha'm printsipleri qi'sqasha bayan yetiledi.

Konstituciyada ja'riyalang'an uluwma insaniyli'q qa'diriyatlar

Ruwxi'y qa'diriyatlar:

- Keleshek ha'm a'dilikke isenim;
- ata-babalar yesteligin qa'sterlew;
- adamgershilik;
- ti'ni'sh turmi'sqa umti'li'w;
- ruwxi'yli'q.

**Watandi' su'yiw ha'm puqarali'qqa sadi'qli'q:**

- suveren ma'mleketshiliktin'' ja'riyalani'wi';
- Watandi' su'yiw ha'm qa'sterlew;
- ha'zirgi ha'm keleshek ata-babalar aldi'nda juwapkershilkti an'law;
- wo'zbek ma'mleketshiligi rawajlani'wi'ni'n' tariyxi'y ta'jiriybesine su'yeniw;
- ata-babalari'mi'zdi'n' ma'deniy mi'yrasi'n qa'sterlep saqlaw.

**Demokratiyali'q qa'diriyatlar:**

- insanni'n' huquq ha'm yerkinliklerinin'' u'stin'ligi;
- demokratiya ideyallari';
- puqaralardi'n' ti'ni'shli'g'i' ha'm milliy tati'wli'qqa umti'li'w;
- g'a'rezsizlik ideyasi'.

1992-ji'lg'i' Konstituciya ma'mleketti yemes, al insandi' birinshi wori'ng'a qoyadi'. Konstituciyami'z *Insan-ja'miyet-ma'mleket* bag'dari'nda du'zilgen boli'p, yelimizde insan huquq ha'm yerkinlikleri yen' joqari' qa'diriyat yesaplanadi'. Konstituciyami'z III-bo'limi Insan ha'm ja'miyet dep atali'p, bul bo'limde puqarali'q ja'miyetin' qa'liplestiriw huquqi'y ta'repten kepillengen.

Konstituciyami'zdi'n' bul bo'limi hesh bir du'nya Konstituciyasi'nda ushi'ramaydi'.

<u>*Konstituciyami'zdi'n' tiykarg'i' 4 principi bar:*</u>

- Ma'mleket suvereniteti
- Xali'q ha'kimiyatshi'li'g'i'
- Konstituciya ha'm ni'zamni'n' u'stin'ligi
- Si'rtqi' siyasat

Suverenitet- francuzsha <u>*"soveraun"*</u> so'zinen ali'ni'p joqari' ha'kimiyat mag'anasi'n an'latadi'.

Suverenitet –bul g'a'rezsizlik yag'ni'y ha'r bir ma'mlekettin'' wo'z ta'g'dirin wo'zi yerkin belgilewi. Ma'mlekettin'' ishki ha'm si'rtqi' siyasatta g'a'rezsizligin bildiredi.

Suverenitet wo'z gezeginde 2 ge bo'linedi.

- ✓ Xali'q (millet) suvereniteti
- ✓ Ma'mleket suvereniteti

Xali'q (millet) suvereniteti- ma'mlekettin'' tiykarg'i' deregi xali'q yekenin' bildiredi. Ko'pshilik ma'mleketler Konstituciyasi'nda xali'q suvereniteti wo'z ko'rinisin tapqan. Mi'sali' Franciya Konstituciyasi'ni'n' 3-statyasi'nda, Italiya Konstituciyasi'ni'n' 1-statyasi'nda, O'zbekstan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n' 7-statyalari'nda wo'z ko'rinislerin tapqan. Xali'q suvereniteti haqqi'nda ideyani' XIV a'sirde jasag'an evropali' woyshi'l *Marsiliy Paduanskiy* alg'a su'rdi.

Ma'mleket suvereniteti-ma'mlekettin'' ishki ha'm xali'qarali'q siyasatta g'a'rezsiz yekenin' bildiredi.

Ma'mleket suvereniteti haqqi'nda ideyani' XVI a'sirde franciyali' woyshi'l *Jon Boden* ilgeri su'rgen. Ma'mleket suvereniteti Konstituciyami'zdi'n' 1-statyasi'nda sawleleniwin tapqan. Ma'mleketlik ni'shanlar ha'm simvollarda suverenitet belgisi sanaladi'. Konstituciyami'zdi'n' 5-statyasi'nda ma'mleketlik ni'shanlari'mi'z belgilep berilgen. Ma'mleketlik belgiler wo'tmishke hu'rmet ha'm keleshekke bolg'an isenim sezimlerin belgileydi. Ma'mleketlik ni'shanlar ni'zam menen

qorg'alg'an. O'zbekstan Respublikasi'ni'n' Ji'nayat Kodeksinin'' 215-statyasi' boyi'nsha ma'mleketlik belgilerge hu'rmetsizlik yetiw basqari'w ta'rtibine qarsi' qarati'lg'an ji'nayat dep yesaplani'p, wog'an jaza belgilengen.

1990 ji'l 20-iyunda qabi'l yetilgen "O'zbekstan Respublikasi' suvereniteti haqqi'nda Deklaraciya" ma'mleketimiz suverenitetin'in' tiykarg'i' principlerin bekkemlep beredi. 1991 ji'l 31-avgustta O'zbekstan Respublikasi' Oliy Kengashinin'' XI sessiyasi'nda O'zbekstan Respublikasi' ma'mleket g'a'rezsizligi tiykarlari' haqqi'nda" Ni'zami' qabi'l yetilip, bul hu'jjet tiykarg'i' ni'zami'mi'z qabi'l yetilgenshe, Konstituciya wazi'ypasi'n atqardi'.

Ma'mleketimiz suverenitetin' to'mendegi belgiler menen ani'qlaw mu'mkin:

- wo'z Konstituciyali'q huquqi'y du'ziminin'' barli'g'i';
- aymag'i';
- joqari' ha'kimiyatlari'ni'n' qa'liplesiwi;
- birden-bir armiyasi';
- ma'mleketlik til;
- ma'mleketlik ni'shanlar;
- xali'q arali'q mu'na'sibetler subyekti yekenligi.

**Xali'q ha'kimiyatshi'li'g'i'**- bul demokratiya. Bul tu'sinik da'slep Greciyada du'nyag'a kelgen.

Demokratiya- grekshe demos-xali'q, kratos-ha'kimiyat yag'ni'y xali'q ha'kimiyatshi'li'g'i' ma'nisin bildiredi. Konstituciyami'zdi'n' II-babi' Xali'q ha'kimiyatshi'li'g'i dep atali'p, bul bapti'n' 7-statyasi'nda xali'q ha'kimiyatshi'li'g'i'ni'n' principleri bayan yetilgen.O'zbekstanda ma'mleket ha'kimiyati'ni'n' birden-bir deregi xali'q dep ko'rsetilgen.

Demokratiya –bul:

-puqaralardi'n' ma'mleketti basqari'wda qatnasi'wi';

-ha'mmenin'' ni'zam aldi'nda ten'ligi;

-ja'miyet ha'm insanni'n' qa'wipsizligi;

-puqaralardi'n' huquq ha'm yerkinliginin'' pu'tin'ligi;

-insannin'' abadanli'g'i' ha'm ma'pleri haqqi'nda ma'mlekettin'' g'amxorli'g'i';

-insanni'n' huquqi' ha'm yerkinliklerinin'' qorg'ali'wi'na kepillik beriw mexaniziminin'' bar yekenligi ;

Ma'mleket ko'lemindegi mashqalalardi' xali'qti'n' tikkeley wo'zi, referendumda, yag'ni'y yeldin' siyasiy turmi'si'ni'n' yen' a'hmiyetli ma'seleleri boyi'nsha uluwma xali'qli'q dawi's beriwde qatnasqanda, uluwma xali'qli'q tali'qlawda qatnasqanda sheshiledi. Yelimizde 1991 ji'l 29-dekabrde, 1995 ji'l 26-martta ha'm 2002 ji'l 27 yanvarlarda referendumlar wo'tkerildi. Mi'sali': 1995 ji'l 26-martta wo'tkerilgen referendumda 1997 ji'l wo'tkeriletug'i'n Prezident saylawi'n 2000 ji'lg'a uzaytti'ri'w ma'selesin xali'q dodalawi'na usi'ni'ldi'. Bul referendumda qoyi'lg'an ma'sele xali'q ta'repinen unamli' qabi'l yetildi.

O'zbekstan Respublikasi'ni'n' 18 jasqa tolg'an puqaralari' referendumg'a qatnasi'w huqi'qi'na iye. "O'zbekstan Respublikasi' Referendumi' haqqinda" g'i' ni'zami'ni'n' 5-statyasi'na tiykar to'mendegi ma'seleler referendumg'a dodalawg'a qoyi'li'wi' mu'mkin yemes:

- respublikani'n' aymaqli'q pu'tin'ligin wo'zgertiw haqqi'nda;
- sali'qlar, byudjet haqqi'nda;
- amnistiya, a'piw yetiw haqqi'nda;
- ja'ma'a't ta'rtibin, xali'qti'n' salamatli'g'i' ha'm qa'wipsizligin ta'miynlew boyi'nsha ayri'qsha ha'm asi'g'i'sli' ilajlar haqqi'nda O'zbekstan Respublikasi' du'zgen xali'qarali'q shartnamalardan kelip shi'g'atug'i'n minnetlerdin' wori'nlani'wi' haqqi'ndag'i' ma'seleler;
- lawazi'mli' shaxslardi' tayi'nlaw ha'm azat yetiw menen baylani'sli' ma'seleler.

Demokratiyali'q ma'mlekettin'' yen' a'hmiyetli Konstituciyali'q principlerinen biri ha'kimiyatlardi'n' bo'liniw principi yesaplanadi'.Ha'kimiyatlardi'n' bo'liniw principi XVIII a'sir francuz woyshi'li' Sharl Lui Monteskyo ta'repinen woni'n' "Ni'zamlar ruwxi' haqqi'nda" degen shi'garmasi'nda tiykarlap berilgen yedi. Bul haqqi'nda Konstituciyami'zdi'n' 11-statyasi'nda ayti'lg'an.

### 2.3. Jaslardin` huqiqiy ma`deniyatin' ha`m huqiqiy ta`rbiyasin qa`liplestiwde tarixiy-huqiqiy dereklerdin` a`hmiyeti.

Arablardın islam ta'limatı tiykarında xalıqtı bilimlendiriu isin amelge asıra baslauı. Orta Aziyaga islam dinin'in ken en jayıuına ha'm bekkemlesiuine zor tasirine tiygizgen usılı boldı. Olar jergilikli xalıqtın burınnan dauam etip kiyatırgan jaksı dasturlerin, a'dep-ikramlılık, adapmgershilik tusiniklerin islam dini ha'm estetikasına baylanıstırıp jane de rauajlandırdı. Bul araplardın xalıqtı ozine karatıp, tez beyimlestiriune sebepshi boldı. Zoroastrizm dauirinde Orta Aziyada jaksı jolga koyılgan jaslar ta'rbiyasındag'i a'dep-ikram kag'iydaları; jası ulkendi xurmet etiu, jetim-jesirge gamxorlık korsetiu, akıllılık penen is alıp barıp, jaksı sauaplı isleri menen kudaydı razı etiu, miynet suyiushilikke ta'rbiyalau tag'i basqa xalıqtin' ta'lim ta'rbiya isinde ogada kerekli dep tapkan pazıyletlerdi islamga tan a'dep-ikramlılıktı kollap kuuatladı ha'm bulardı tag'ida en jaydırıuga umtıldı.

Zarre aldınrak ha'm usı dauirlerde Muha'mmed İbn Musa Xorezmiy (780-850); İmam İsmoil-Buxariy (810-874) keyinrek Al Farabiy, Al Beruniy, İbn Sino sıyaklı putkil dunya juzine dankı jayılgan alım oyshılar doretiushilik jumısların alıp bardı. Samaniyler mamleketin'in 875-999 tiykarın İsmayıl Samaniy (874-907) duzip paytaxtı Buxara bolgan, sol dauirde Buxara, Samarkand, Nishapur, Merv, Urgench (Gone ) Balk, Kıyat, Gaznag tag'i basqa kalalar rauajlangan onermentshilik orayları edi. Samniyler ozinin' ishki siyasatin'da jaslardı askeriy bilim, onerge uyretip kushli armiya jardeminde oraylık xukimetti bekkemleuge umtılgan. Mamleketti basqarıu ushın duzilgen on uazirliktin' bireui ta'lim-ta'rbiya menen shug'illangan. Mamleket madeniy jaqtan ogada jetilisip, ko'p g'ana kalalarda jaslardın bilim alıuı ushın mektep medreseler salındı. Bul dauirde tabiyat iliminin' osiune baylanıslı ayrıksha keuil bolindi. İnsan filosofiyanı, astronomiyanı, meditsinanı, matematikanı, geografiyanı tag'i basqa ilim tarauların biliui lazım bolgan. Usınday jamiyetlik talapqa say Beruniy, İbn Sino, Farabiy ha'm tag'i basqalar turli ilim jetiskenliklerin iyeleuge erisken.

Usı dauirde de Orta Aziya ha'm İranda baslang'ish bilim beretug'in oqıw ornın «kuttab», «maktab», orta bilim beretug'in oqıw ornın «meshit», «medrese»

dep atau dauam etken. Joqarı bilimde geyde medresede berilgen. «Kuttab» yamasa «maktab» jaslardı katibshilik kasibine tayarlaytug'in bolgan. Olar mektepti tamamlap is jurgiziushi, kitap koshiriushi jane xatkerlik jumıslarında xızmet etken. «Kuttab» - kattib tayarlau mektebi Sasaniyler daurinde ele arablar kelmey atırıp-ak adeuir rauajlangan edi. Olardın aldag'i islerinde dinge baylanısıu kem edi. Usı sebepli jeke menshilik xarakterindegi «Kuttab» Mektebinin' bagdarlamasında Kurandı, diniy dasturlerdi uyretiw baslı maqset bolmagan. Bul dauirde xanafiyler soslaviyasına tan «mazxab» mekteplerinde jumıs islegen. Bunda ortasha bay ha'm onermentler menen saudagerlerdin balaları bilim algan. Kuran ha'm kundelikli turmısta zarur bolatug'in bilimlerdi uyretilgen. Xanafilik mekteplerdin bilim beriwdegi tutkan maqseti balalardın akılın ha'm yadın kaliplestiriuden ibarat bolgan. Akılın rauajlandırıu ushın talabalardın uyrengen materialların ozleri menen birge analizlegen. Al yadın rauajlandırıu ushın sabakq bir neshe martebe takirarlaw arkalı jurgizilgen.

IX-X asirdegi orta Aziya ha'm İran rawajlangan feodalizm basqıshında edi. Jamiyet ushın oqımıslı, oylau uqıbı kushli adamlar kerek edi. O'nermentshilik, sawda rawajlandı. Toplangan ilimler bir sistemaga tusirildi. Endi Kuran ha'm diniy dasturlerdi uyreniw adamlardın' aqılg'a, bilimge bolg'an talabın qanaatlandıra almadı. IX asirde-aq ha'r bir auıl ozinin' «Kuttab»ına (mektebine) iye bolgan. Bul mektepler katipshilerden tıskarı «Fuqax»shılardı, diniy ta'limattı jane huqiq xızmetkerleri nazılardı tayarlagan. «Kuttab»ta oqıw ken' ko'lemde en jayg'an ha'm bunda barlıq qatlamda adamlardın balaları bilim algan. Bul mektepte oqıg'anı ushın haqqı to'lenbegen. Sonday-ak IX asirde Orta Aziya ha'm İranda seldjuglar uaziri Nizamiy el Mulik tiykar salgan «Nizamiy» medresesi ogada abıraylı bilim beriw maqanına aylandı. Bunday ulgidegi Nizamiy medresesi 1058-1059 jılı Nishapurda, son 1069 jılı Bagdadda tag'i baqka 30 lagan orında ashılıp olar oqıtıw boyınsha bir bagdarlamaga iye bolgan. Bul medreselerdin barlıg'inda onin' tiykarın salıwshı Nizamiy el Mulktin' baslı ideyası uyrenilgen. Medresenin' o'zinin'' rejesi bolg'an. Nizamiy medresesinde bilim beriw pulsız jurgizilgen talabalarga, napaqa ustazlarga ayılıq berilgen. Medresede musılman dini orın

alg’an ko’p g’ana ellerden jaslar kelip bilim algan. XI asirdin’ aqırında medreselerdin joqarı ha’m orta bilim beriwine saykeslenip boliniwi a’melge astı. Usılay etip IX-XI asirdegi Orta Aziya ha’m İranda jamiyetlik ekonomikalık rauajlanıu tasirinde sholkemlesken malim sistemaga iye bilim beriw orın aldı. Bilim beriwdin en jayıuı mamleketlik pelagogikalık oylardın turtki boldı. Soz etip otırgan dauirde Buxara shıg’ista İslam dinin’in en rawajlang’an orayına aylangan edi.

Ko’p g’ana diniy dasturlerdi orınlaytug’in ziyaratxanalar, meshitler salındı. Arxitektura, oyıp geometriyalık nag’islar salıwshılık, gulalshılık o’nerleri rawajlang’an. Buxara amiri sarayında dan’qı ko’p jerlerge taralg’an ilimiy kitapxana ayrıqsha dıqqat orayında bolg’an. Samaniyler dauirinde eski Xorezm ha’m Turk tillerin xarekette boliwına karamastan Parsı ha’m Arab tilleri ko’p en jaydırıldı. Jaslarga xat, sauat uireniu mektep medreselerde arab tilinde jurgizildi. Usı Samaniyler dauirinde dunya juzine malim oyıshıl-alımlar, ozlerinin’ bay ilimiy miynetlerin doretip putkil Orta Aziya xalıqlarının ta’lim-ta’rbiyalıq ko’z-qaraslarının’ rawajlanıwına zor ta’sirlerin tiygizdi.

2. Muha’mmed Al Xorezmiydin (780-850) jaslarga tabiy ha’m matematikalıq bilim beriw oylları o’z aldına jetiskenlikler boldı. Muha’mmed Al Xorezmiydin’ Orta Aziyadag’ı ataqlı alımlardın’ biri edi. Ol ko’p g’ana ilimiy ekspeditsiyalarga qatnastı. Matematika, astronomiya, geografiya ilimlerin izertledi. Bagdad xalifaları Al-Momun Mutasim ha’m el-Vasik saraylarında ilim menen shug’illanıp, shıg’istag’i tung’ish ilimler akademiyası «Danalar uyi», «Bait alxikmanı» basqarıp ilimpazlarga ustazlık etti. «Astronomiyalık kesteler», İndiya arifmetikası haqqında kitap, «Kuyash saatı haqqındag’i kitap», «Muzıka risolası» tag’i basqa miynetlerinde jaslarga tabiyiy ha’m matematikalıq bilimlerdi uyretiwge ayrıksha axmiyet qarattı. Xorezmiydin sheber pedagog metodist sıpatin’dag’i ornı o’z aldına. Ush muieshlik, tort muieshlik, ko’p muyeshlik, shenber piramida, konus tag’i basqa geometriyalık sızılmaların mazmunın, axmiyetin’ tusindirdi. «Aljabr ha’m almuxabala» kitabında tenlemelerdin altı turin da’lilep berdi. Al-Xorezmiydin algoritm teoriyaların rawajlandırıwg’a, a’sirese onın’ tabiy-

matematikalıw ta'lim-ta'rbiyalıq oy-pikirlerdi jetilistiriudi a'sirler dawamında ayrıqsha dıqqatqa miyassar bolıp keldi.

1. Sonday-aq bul dawirdegi Orta Aziya xalıqlarının ta'lim-ta'rbiyalıq oy-pikirlerinin'' rawajlanıwında ayrıqsha orınga iye oyshıl danıshpan entsiklopedist alım Abu Nasir el-Farabiy esaplanadı. Ol 873 jılı Sırdaryaga Arıstan quyar jerindegi farab (Otrar) awılında askeriy ha'm siyasiy xızmetker semyasında tuwılgan. Baslawısh bilimlerdi awılında alıp , keyinen Samarkand, Buxara ha'm Arab xalifatlıg'inındag'i Bagdad penen Xaron qalalarına barıp oqıydı. Bagdad bul dawirde awıllardın toplag'an orayı edi. Ol meditsina ha'm logika ilimin' Abu Bashar xristian vrachi Yuxannadan (860-920) Grek iliminin' Abu Bashar Mattdan (870-940) uyreniledi. Asirese Aristotel shıgarmalarının' teren ozlestirip logika, matematika, meditsina ha'm filosofiyanın ulıuma maselenin' menen qızıqsınadı. Kanegeler Farabiydi 70 ke jaqın xalıqtin' tilin bilgen dep aytadı.

Farabiydin ayiemgi Grek alımları miynetlerine kommentariya jazıw isleri tek shıg'is xalıqlarının g'ana emes, al orta asirdegi Evropa xalıqlarında grek ilimi jetiskenlikleri menen tanıstırıuga sebepshi boldı. Farabiy kommentariyalardan tıskarı filosofiya, logika, psixologiya, etika, muzıka ilimleri boyınsha ko'p g'ana miynetler do'retti. Asirese: «Filosofiya derekleri», «Aqıl haqqında traktat», «Filosofiyanı uyreniuge shekem neni biliw kerek», «Mamleket haqqında traktat», «İlimnin' kelip shıgwi haqqında», «Jan haqqında», «Janının' kushi haqqında», «Aqıl ha'm tusinik», «Muzıka haqqında ulken traktat» tag'i basqa 160 dan aslam shıgarma do'retken. Jetik bililiiligine bola Farabiydi Aristotelden keyingi «Ekinshi mugallim» yamasa «Shıg'istin' Aristoteli» dep atag'an. Onın shıgarmaları XII-XIII asirlerde-ak latin' , evrey, parsı tillerine audarılgan Farabiy orta asir shariyatında birinshi bolıp jamiyettin' kelip shıg'iuı onin' maqset auzıypası haqqında sistemalık pikirler doretti. Onın tusindiriuinshe adam dunya rawajlaniwinın jetilisken shını. Adam ta'lim-ta'rbiya beriw isi tabiyat qubılıslarına o'z maqsetleri ushın paydalana biliu ha'm bul isti basqa adamlar menen durıs munasibette boliw jamiyettin' talaplarına juwap bere alatug'in adam sıpatin'da qaliplesiw ushın kerek degen edi. Rudaki sıyaqlı Farabiyde adamdı ta'rbiyalaganda onı aqıl ha'm a'dep ukramliq

jaqtan tennen qaliplestiriw kerekligin, aldı menen insannın’ nege qabileti bar ekenligin anıqlamay turıp ta’rbiya isine kirisiw kutilgen na’tiyje bermeytug’ınlıg’ın ayttı. Ol talim degen terminge anıqlama berip ta’lim degen so’z adamlar arasındag’ı bilimlerdi, al ta’rbiya usı adamlar ortasındag’i minez kulk jetiskenliklerin birlestiriu dep tusindirdi. Talim uyretiw jolı menen, al ta’rbiya ornekli is tajriybe menen amelge asırıladı dedi. Jaslarga bilimli tusindirgende olardın yadlap alıuı emes, al izbe- izligi saklap, belgili bir baylanıslar boyınsha yadta tolıktırıp ug’iuı zarur dedi «filosoflardın qoyg’an sorawlarına juwaplar» degen miynetin’de.

Farabiydin akıl ta’rbiyası haqqındag’i pikirinin’ mazmunında qorshap turgan atiraptı, tabiyat xadiyselerin biliu, olar haqqındag’i bilimlerin bargan sayın terenletip barıu ideyası bar. Olar kıl ta’rbiyasın balalarga jaslayınan uyretkende natiyjeli bolatug’inın eskertti. Ol «İxso-al-ulum» shıgarmasında ilimlerdi ulken bes tarauga boledi ha’m malim izbe-izlik sistemasında uyreniu tareptarı boldı.

Huqiqiy ta`rbiya ha`m uliwma insaniyliq qa`diriyatlar. Huqiqiy ta`rbiya, en` da`slep, uliwma insaniyliq qa`diriyatlarg`a, pu`tkil ja`ha`n tsivilizatsiyasina, bul tarawda basqa xaliqlar erisken ta`jiriybelerge, xaliqaraliq huqiqtin’` ha`mme qabil etken printsipleri ha`m normalarina tiykarlanadi.

Joqari huqiqiy ta`rbiyaga tiykarlang`an demokratiyaliq ja`miyettin’` xaliqaraliq ko`lemde qabil etilgen printsipleri bar. Ten`lik, erkinlik, tuwisqanliq, xaliqlar ha`m milletler araliq dosliq, insannin’` o`z erk-iqrarin erkin bildiriwi ha`m de oni a`melge asiriwi, azshiliqtin’` ko`pshilikke boysiniwi, ba`rshe puqaralardin` ten` huqiqlilig`i, ma`mlekettin’` tiykarg`i ma`kemelerinin’` saylaniwi, olardin` saylawshilar aldinda esap beriwi, ma`mleketlik ha`m ja`miyetlik basqariwda nizam u`stin’ligi, tayinlaw joli menen qa`liplesetug`in ma`mleketlik ma`kemelerdin` saylawshi sho`lkemler aldindag`i juwapkershiligi ha`m basqalar usilardin` qatarina kiredi.[3]

Insan huqiqlarina baylanisli ja`ha`n standartlari Birlesken Milletler Sho`lkeminin’` 1948-jilg`i Insan huqiqlari pu`tkil ja`ha`n Deklaratsiyasi, 1966-

S.Nietullaev Qaraqalpaqstan Respublikasi Konstitusiyaliq huquqi No’kis. 1996j.

jilg`i Ekonomikaliq, sotsialliq ha`m ma`deniy huqiqlar haqqindag`i xaliqaraliq Pakt, Puqaraliq ha`m siyasiy huqiqlar haqqindag`i xaliqaraliq Pakt ha`m og`an qosimsha Fakul`tativ protokol ha`m basqa da xaliqaraliq-huqiqiy hu`jjetlerde bekkemlengen. O`zbekstan Respublikasinin’` Konstitutsiyasi Insan huqiqlari pu`tkil ja`ha`n Deklaratsiyasinin’` barliq tiykarg`i ideya ha`m qag`iydalarin o`zine sin`dirgen. Tiykarg`i nizamimiz tariyxta sinalg`an uliwma insaniy qa`diriyatlardi o`zinde ja`mlegen, en` rawajlang`an, progresske erisken ma`mleketlerdin` huqiqiy ta`jiriybesine tayang`an.

Ja`ha`nnin’` ag`artiwshiliq rawajlang`an ma`mleketleri ta`n alg`an huqiqiy ma`deniyat ha`m ma`mleketlik suverenitet, demokratiya ha`m xaliqaraliq huqiqtin’` u`stin’ligi siyaqli uliwma insaniy qa`diriyatlar O`zbekstannin’` ma`mleketlik ma`plerine, xalqinin’` o`zine ta`nligine, onin’` milliy da`stu`r ha`m u`rp-a`detlerine toliq say keledi. Huqiqiy ta`rbiya O`zbekstanda Konstitutsiya ha`m nizamlar menen g`ana emes, ba`lkim xaliqtin’` o`z sanasi, onin’` ma`nawiy-etikaliq du`n`ya qarasi ha`m huqiqiy ta`jiriybesi, miyrim-sha`pa`a`ti menen bekkemlenedi. G’a’rezsiz O`zbekstannin’` ku`sh-qu`diret deregi - xalqimizdin` uliwma insaniy qa`diriyatlarg`a sadiqlig`i»`.[4]

Huqiqiy ta`rbiya o`zinin’` ob`ektiv nizamliliqlari tiykarinda rawajlanadi. Shig`ista huqiqiy ma`deniyat ha`m demokratiyaliq protsesslerdin` a`yyemnen qa`liplesken o`zgeshelikleri bar. Shig`ista huqiqiy ta`rbiya ha`m demokratiyaliq protsessler organikaliq ra`wishte ha`m a`ste-aqirinliq penen rawajlanip baradi. Bul jerde huqiqiy ta`rbiya ha`m demokratiya tu`sinikleri tilekleslik ideyasi, ja`miyetshilik pikirinin’` u`stin’ligi tiykarinda qa`liplesedi.

Batista bolsa huqiqiy ta`rbiya individualizm filosofiyasina tayanadi ha`m bul massani ha`dden tisqari siyasatlastiriwg`a alip keledi. Shig`ista etikaliq-ma`nawiy qa`diriyatlar siyasiy mu`na`sibetlerden u`stin’ligi menen ajiralip turadi. A`sirler dawaminda xalqimizdin` joqari ma`nawiy a`dalat su`yiwshilik, ilim su`yiwshilik siyaqli iygilikli paziyletleri Shig`is filosofiyasi ha`m islam dini ta`liymatlari menen organikaliq ra`wishte rawajlang`an. Sonin’` menen birge ulli babalarimiz,

I.Karimov. Joqari manawiyat jen’ilmes kush. 1998j.

Shig`istin'` ataqli oyshillari - A`l-Buxariy, At-Termiziy, Ahmad Yassawiy, Bahauddin Naqshband, A`l-Xorezmiy, Beruniy, Abu Ali ibn Sina, A`mir Temur, Mirza Ulig`bek, A`lisher Nawayi, Babur Mirza ha`m basqalar ja`ha`n ma`deniyati, ilimi ha`m tsivilizatsiyasina biybaha u`les qosqan.

O`zbekstanda, pu`tkil Shig`is tsivilizatsiyasina ta`n bolg`anin'day, shan`araqti barliq sharalar menen qollap-quwatlaw en` a`hmiyetli insaniy qa`diriyatlardan biri bolip kelgen ha`m sonday bolip qaladi. Huqiqiy ta`rbiya qa`liplestiriw ma`kani ma`ha`lle bolip tabiladi. Sebebi, ma`ha`lle xalqimizdin` turmis ta`rizi, ata-babalarimizdan bizge miyras bolip kiyatirg`an oy-pikir ta`rizi.

Huqiqiy ta`rbiyani rawajlandiriw, toliq a`melge asiriw milliy ma`mleketshiligimiz ta`jiriybesin ha`m huqiqiy ma`deniyatimizdi bayitadi.

Huqiqiy ta`rbiya o`zbek milletin'in` turmis ta`rizinde, da`stu`riy ma`deniyatin'da, milliy du`n`ya qarasi ha`m ideologiyasinda a`hmiyetli orin tutadi. Huqiqiy ma`deniyatti toliq qarar taptiriwda milliy, ma`nawiy, diniy-etikaliq, ma`mleketlik-huqiqiy ha`m tariyxiy miyrasimizg`a, ideologiyamiz ideyalarina tayaniw kerek.

O`zbek milliy ideologiyasinin'` quramliq bo`limleri to`mendegilerden ibarat: *birinshiden,* g`a`rezsizlik sezimi ha`m erkinlikti toliq seziniw; ekinshiden, o`zbekshilik; *u`shinshiden,* ko`p milletli O`zbekstan xalqinin'` Watan su`yiwshiligi.

Milliy ideologiya – Ana-Watang`a bolg`an muhabbat, oni su`yiw, qa`dirlew, ardaqlaw ha`m rawajlaniwi haqqindag`i ideyalar jiyintig`i. Milliy ideologiya – ja`miyet ag`zalarinin'` ruwxiyatin'in` ko`rsetkishi, tileginin'` ju`zege shig`iwi bolip tabiladi. Milliy ideologiya ha`r qanday ideologiyadan joqari turadi. Milliy ideologiya ma`mlekettin'` rawajlaniwin belgilep beriwshi ideologiyaliq kriteriyalarin da qamtip aladi. Milliy ideologiya a`dalatli huqiqiy demokratiyaliq puqaraliq ja`miyeti haqqindag`i siyasiy-huqiqiy ideyalardan da quraladi.

Jaqin-jaqinlarg`a shekem «`milliy ideologiya»` ibarasin isletiw jinayat esaplanar edi. O`z milletin' su`yiw, milliy jetiskenliklerge maqtaniw, millet

jolindag`i ha`reketler «`milletshilik»` tamg`alari menen qaralanar edi. Nege endi bir insan o`z milletin'e tiyisliligine maqtansa, milletshi bolsa¨

Milletshi millet bolmaydi. Milliylik, milletke tiyislilik pu`tkil du`n`yaliq rawajlaniw nizamlilig`i bolip tabiladi. «`Milletshilik»`, «`milletshi»` deytug`inlardi, o`z shig`isin bilmeytug`inlardi ashiniw menen ulli ma`mleketshilik, imperiyasha milliy siyasat manqurtlari deb bahalaw mu`mkin. O`zbekpen, milletim ha`m ana-jurtim menen maqtanaman, o`zbek ma`mleketin'in` puqarasiman, dey almag`anlar haqqinda ne aytiw mu`mkinW¨ O`zbek xalqi kanshelli eziwshilik, qanshelli sheklewlerge dus kelmesin, hesh qashan tili, dini, ma`deniyati, miyrasinin'` tamirlarinan u`zilip qalg`an emes. Milletimizdin` mine usi teren`, salamat ha`m bay ma`nawiy tamirlari huqiqiy ma`deniyat bekkem fundamentin'in` tayanish tochkalarin quraydi.

O`zbek milliy ideologiyasinin'` negizin to`mendegiler quraydi: *birinshiden,* milliy maqtanish, *ekinshiden,* o`zbek milletin'in` tiykarg`i paziyletleri ha`m aqirinda, *u`shinshiden,* ulli milliy-ma`deniy miyrasimiz.

**Milliy maqtanish.** Xalıktin', millettin'` maqtanishi to`mendegilerde ayqin ko`rinedi:

1) Ana-Watanimizdin` ko`p min` jilliq ulli tariyxiy o`tmishinde, onin'` Shig`is ilimi, uliwma alg`anda, ja`ha`n ma`deniyati ha`m tsivilizatsiyasina qosqan ten`siz u`lesinde ha`m onda tutqan ornin'da;

2) bizin` watanlaslarimiz, ulli babalarimiz bolg`an ja`ha`n ko`leminde ta`n aling`an ma`deniyat, ilim, din, a`debiyat, ko`rkem o`ner tulg`alarimizda, ma`mleketlik ha`m ja`miyetlik g`ayratkerlerimizde;

3) diyarimizdin` ma`deniyat, ko`rkem o`ner, arxitektura, ilim ha`m huqiq tarawindag`i biybaha esteliklerde;

4) o`zbek ha`m qaraqalpaq xalqinin'` o`z ana tili, milliy u`rp-a`detleri, salt-da`stu`rleri menen maqtaniwinda;

5) o`zbek ha`m qaraqalpaqlardin` ulli islam tsivilizatsiyasi ha`m ma`deniyatin'a tiyisliliginde;

6) o`zbek ma`mleketin’in` ta`biyg`iy bayliqlarinda, hasildar jerlerinde, ulli da`r`yalarinda, qala berse, ma`mleketimizdin` ekonomikaliq ku`sh-qu`diretin’de;

7) ko`p milletli O`zbekstan Respublikasinin’` ma`mleketlik g`a`rezsizliginde, onin’` puqaralari ha`m pu`tkil xalqinin’` g`a`rezsizlik ha`m rawajlaniwg`a, ulli keleshekke bolg`an iseniminde;

8) puqaralarimizdin` ja`ha`n talaplari da`rejesinde bilim ha`m ta`jiriybe aliwg`a, ilim-texnikag`a, bazar ekonomikasi isbilermenligi ma`deniyatin’a bolg`an qushtarliq ha`m umtilisinda;

9) O`zbekstannin’` ja`ha`n ja`miyetshiligi ta`repinen ta`n aliniwinda, xaliqaraliq abirayinin’` artip bariwinda ha`m aqirinda;

10) tin’ishliq, turaqliliq ha`m o`z g`a`rezsiz ha`m rawajlaniw jolin tan`lap alip, niq qa`demler menen baratirg`anin’da.

Milliy maqtanishsiz hesh bir millet sipatin’da rawajlana almaydi.

**Milliy ma`deniy miyras**. O`zbekstan ha`m Qaraqalpaqstan xalqi basqa xaliqlar siyaqli bay tariyxqa iye. Milliy ma`deniyatimizdin`, ma`deniy miyrasimizdin` ulli g`a`ziyne ekenligine gu`man joq. Sonin’` ushin da tek ruwxiy tikleniw ha`m haqiyqiy pa`kleniw arqali g`ana biz o`z milliy ideologiyamizdi jaratiwimiz mu`mkin. Basqa jol joq. Buni qansha tez an`lasaq, milliy g`a`rezsizliktin’` ja`ne bir a`hmiyetli qorg`anin’ jaratamiz, bul jaqinda gerbishleri qalana baslag`an g`a`rezsiz O`zbekistan ma`mleketi qorg`ani ushin haqiyqiy ma`nawiy negiz bolip qalajaq.

O`zbekstan xalqi da ba`rshe xaliqlar siyaqli a`sirler dawaminda saqlanip, jetilisip kelgen milliy u`rp-a`deti, salt-da`stu`rleri, ju`ris-turisi, maqtanishi, sotsial-ekonomikaliq turmisi, dini, huqiqiy sanasi, uliwma aytqanda, ma`deniy-ma`nawiy du`n`yasi sa`wlelenedi. O`zbekstan xalqinin’` ma`nawiyatin’da millettin’` o`tmishi, ha`zirgi ku`ni sa`wleleniwi menen birge, shan`araqliq turmis ushin, ha`r bir insan ushin za`ru`r ta`rbiyaliq a`hmiyetke iye. Sebebi balalarimiz mine usi ko`zge ilinbes sana-sezim, babalar esteligi ha`m baylanisi ta`sirinde, ana su`ti, ana ha`yyiwi menen ruwxiy aziq, ta`rbiya aladi. Olar til arqali sanamizg`a kirip baradi. Bulardin` ba`rshesi millet ma`nawiyatin’in` gu`ltaji esaplanadi.

Sir emes, a`sirler dawaminda babalarimiz turmisinda ju`zege kelgen ha`m rawajlang`an milliy-ma`deniy da`stu`rlerdi ha`m u`rp-a`detlerdi qa`dirlemeslik ma`nawiy qalaqliq, o`z tariyxina, ana topirag`ina, tu`p du`rdanalari milliy-ma`nawiy dag`daristin'` aldin aliwdin`, milliy-ma`nawiy saltanatimizdi tiklewdin` a`hmiyetli faktori ha`m tayanishi.

Milletimiz ma`nawiyat bulaqlari o`zbek ma`deniyatin'in` jan`a basqishtag`i oyaniwi.

Ko`p min` jilliq ma`deniy miyrasimiz tamirlari o`nip-o`sip, g`umsha ashpaqta, bul o`zbek ma`nawiyatimizdin` o`zgeshelikleri to`mendegilerden ibarat:

Birinshiden, bizin` jurtimiz ma`deniyatin'in` ba`rshe tarawlarinda ju`zlep, min`lap ja`ha`nge belgili ulli tulg`alar, ma`mleketlik g`ayratkerlerdi jetistirgen ha`m uliwma insaniy ilimdi jaratiwda ulli babalarimiz u`lken u`les qosqan. Sonin'` ushin da o`zbek ma`deniy miyrasi ja`ha`n ma`deniyatin'in` ajiralmas quramliq bo`legi bolip tabiladi.

Ekinshiden, g`a`rezsiz O`zbekstanda, qala berse, pu`tkil ja`ha`n ma`nawiyatin'da o`z orinlarina iye bolg`an ulli babalarimizdi ko`klerge ko`teretug`in waqit keldi. Tumaris ha`m Shirak, Spitamen ha`m Manguberdi, Temur Malik, ulli babamiz A`mir Temur, Ulig`bek, Babir, Shaxja`ha`n ha`m basqa da babalarimizdin` ruwxlarin shad etiwimiz, «G'ur o`rug`li»`, «`Alpamis»`, «Edige»`, «G'a'ip ashiq»`, «Bahadir» da`stanlarin ba`lent lapiz benen jirlawimiz ha`m esitiwimiz kerek.

U`shinshiden, O`zbekstan o`zinin'` teren` ma`mleketshilik negizlerine iye bolg`an o`zine ta`n siyasiy-huqiqiy, ma`deniy miyras iyesi. Eramizdan bir neshe ju`z jillar aldin bizin` aymag`imizda huqiqiy sistemalar ha`m ko`z-qaraslar rawajlang`an Maverennaxrda islam ma`plerine, islam huqiqtaniwshilig`i ta`liymatin'a, na`riyatqa ha`m uliwma ja`ha`n huqiqiy ma`deniyatin'a u`lken u`les qosqan huqiqtaniwshilar jasag`an.

To`rtin'shiden, bizin` aymag`imizda tog`iz min`nan artiq tariyxiy, ma`deniy, arxitektura estelikleri – xalqtin'` ten`siz ma`deniy miyrasinin'` u`lgileri saqlanip kiyatir. Olardi on`law, tiklew, saqlap qaliw ha`m keleshek a`wladlarg`a

jetkeriw ha`r birimizdin` ma`nawiy, qala berse, insaniy minnetimiz. Sonin’` ushin da Konstitutsiyamizdin` 49-stat`yasinda: «`Puqaralar O`zbekstan xalqinin’` tariyxiy, ma`nawiy ha`m ma`deniy miyrasin abaylap-asirawg`a minnetli»`, -delingen.

Qullasi, milliy ideologiyamizdin` organikaliq quramliq bo`legin bay ma`deniy miyrasimiz quraydi. Ma`nawiyatimiz gu`lshani du`rdanalarinan na`r alip ta`rbiyalang`an salamat a`wlad ruwxiy tetik ha`m jen`ilmes bolip, ba`rqulla tabislar tulparinda ju`rgey.

**Tariyxiy huqiqiy miyras.** «G`a`rezsiz O`zbekstan insan huqiqlarin hu`rmet etiw ha`m qorg`aw barisinda pu`tkil du`n`yada is baslag`an ha`m jumis alip barg`an ba`rshe adamlardi ha`m a`rshe ma`mleketlerdi qa`dirleydi. O`zbekstan Respublikasi ja`ha`n ja`miyetshiliginin’` ten` huqiqli ag`zasi sipatin’da ilim su`yiwshi demokratiyaliq a`dalatli ma`mleket boliwg`a ha`reket etedi, insan huqiqlarin qorg`awg`a ha`m bekkemlewge qatan` kepillik beredi.

Insan huqiqlari uliwma insaniy ha`m milliy ma`mleket ha`m huqiq tu`siniklerin o`zinde ja`mlestiredi. O`zbekstan o`zinin’` bay ha`m ko`p min` jilliq ma`nawiy-huqiqiy miyrasina tiykarlanip, insan huqiqlarinin’` uliwma insaniy qa`diriyatlari ha`m de ta`n alg`an xaliqaraliq huqiq talaplarin ta`miyinlew barisinda turaqli jumis alip barmaqta.

Insan huqiqlari aniq tariyxiy ha`m milliy o`zine ta`n sharayatta ta`biyg`iy ra`wishte payda boladi ha`m rawajlanadi. Sonin’` ushin da o`zbek ma`nawiy-huqiqiy miyrasinin’` tamirlarin teren` biliw ha`m tu`siniw, O`zbekstanda insan huqiqlarin o`zine ta`n tu`siniwdi ha`m jag`daydi duris talqilawg`a tiykar bolip xizmet etedi.

O`zbek ma`nawiy-huqiqiy miyrasinin’` tamirlari qandayW Bizin` a`yyemgi jerimizde ma`mleketshilik ha`m huqiq o`zinin’` teren` tamirlarina iye bolip, ju`da` erte da`wirlerge barip taqaladi. O`zbek milliy ma`mleketshiligi ha`m huqiqinin’` payda boliwinin’` ha`m rawajlaniwinin’` tariyxiy jilnamasi to`mendegishe:

Eramizdan buring`i birinshi min` jilliqta ha`zirgi Orayliq Aziya aymag`inda jigirmag`a jaqin qa`wimler bolip, olar bir neshe qa`wimler awqamina birlesken edi. Bulardin` arasinda bir neshe qa`wimlerdi birlestiriwshi massagetler ayriqsha abirayi menen basqalardan ajiralip turg`an. Tu`rkiy xaliqlar, atap aytqanda, o`zbek xalqinin'` teren` tamirlari mine usi massagetlerge barip taqaladi.

Eramizdan buring`i XV-XII a`sirlerde Orayliq Aziya aymag`inin'` tiykarg`i bo`legi Ossuriya ma`mleketin'in` quraminda bolg`an, sonin'` menen birge bul da`wirde g`a`rezsiz Xorezm ma`mleketi de bar edi.

Eramizdan buring`i VI a`sirdin` ortalarinda Orayliq Aziyada Axmeniy patshalarinin'` hu`kimranlig`i ornatilg`an.

Eramizdan buring`i IV a`sirdin` ekinshi yariminda xorezmshaxlar, keyin ala sak qa`wimleri g`a`rezsizlikke erisken.

Eramizdan buring`i VI a`sirdin` son`g`i shereginde Xorezm ma`mleketin'en tisqari pu`tkil Orayliq Aziya makedoniyalilar ta`repinen basip aling`an. Iskender Zulqarnaynnin'` o`liminen son` Orayliq Aziya Salavkiyler ma`mleketin'in` quramina kirgizilgen.

Eramizdan buring`i III a`sirdin` ortasina kelip, «rek-Baktriya patshalig`i du`zilip, onin'` quramina Baktriya, Sogdiana, Marg`iyana ha`m Parkana (Ferg`ana) kirgen. Keyin ala Orayliq Aziya aymag`inda Xorezm ma`mleketi menen shegaralas bolg`an Toxarstan ma`mleketi du`zilgen. Ko`p o`tpey ol mayda-mayda ma`mleketlerge bo`linip ketken.

Eramizdin` I-IV a`sirlerinde Orayliq Aziya aymag`i Kushan patshalig`i quraminda bolg`an. IV a`sirdin` son`g`i shereginde Orayliq Aziyada kishi ma`mleketler du`zilgen.

V a`sirdin` ortalarinda Orayliq Aziya Eftalitler ma`mleketi ta`repinen basip aling`an.

VI a`sirdin` son`g`i shereginen arablar basip alg`ang`a shekem Orayliq Aziya Batis Tu`rk qag`anlig`i quraminda bolg`an.

VIII a`sirdin` baslarinda Orayliq Aziyada arablar hu`kimranlig`i ornatilg`an. Arablar bizin` u`lkeni Maverennaxr dep atag`an.

IX a`sirdin` aqiri X a`sirdin` baslarinan ekinshi yarimina shekem O`zbekstan aymag`inda Samaniyler, X a`sirdin` ekinshi yariminan Qaraxaniyler, XI a`sirdin` baslarinan Seljukiyler saltanatlari payda bolg`an.

XII a`sirdin` ortalarinda Maverennaxrdi qaraqitaylar o`zlerine boysindirg`an. XII a`sirde Xorezm ja`ne g`a`rezsizlikke erisken.

XIII a`sirdin` baslarinan XIV a`sirdin` 60-jillarinin'` ortalarina shekem Maverennaxrda mong`ollar, XV a`sirdin` son`ina shekem A`mir Temur ha`m temuriyler, XVI a`sirden baslap Shaybaniyler hu`kimranliq etken. XVI a`sirdin` aqirinda O`zbekstan aymag`inda Buxara ha`m Xiywa, XVIII a`sirdin` baslarinda Qoqand xanliqlari du`zilgen.

Orayliq Aziya XIX a`sirdin` ekinshi yariminda Rossiya ta`repinen basip aling`an. Qoqand xanlig`i saplastirilg`an. Tu`rkstan general-gubernatorlig`i du`zilgen. Buxara ha`m Xiywa xanliqlari u`stin'en Rossiya protektori ornatilg`an. Aymag`imiz Tu`rkstan u`lkesi dep atala baslag`an.

1917-jili qizil imperiya hu`kimranlig`i ornatildi.

O`zbekstan Sovet Sotsialistlik Respublikasi du`zilgenin'en baslap Orta Aziya atamasi qollanila basladi.

1991-jili 31-avgustta O`zbekstan ma`mleketlik g`a`rezsizlikke eristi.

Demek, bizin` jas g`a`rezsiz o`zbek ma`mleketimiz o`zinde a`yyemgi Sogdiana ha`m Xorezmnen baslap, Samaniyler, Xorezmshaxlar, A`mir Temur ha`m temuriyler ma`mleketlerinin'` ma`mleketlik basqariw jetiskenliklerin, xalqimizdin` pu`tin' ma`mleketlik-huqiqiy tariyxi ta`jiriybesin ha`m de onin'` o`z milliy ma`mleketin'e ha`m huqiqina iye boliw siyaqli a`sirlik a`rmanlarin ja`mlestirgen. Yag`niy ha`zirgi o`zbek ma`mleketi pu`tkil ja`ha`n ha`m milliy ma`mleketshilik ha`m huqiqiy rawajlaniw nizamliliqlarin o`zinede organikaliq ra`wishte uyg`inlastiradi. O`zbek ma`mleketi ha`m huqiqi o`zinin'` sa`l-kem 3 min` jilliq tariyxina iye.

O`zbekstan Evropa ha`m Aziya ilim su`yiwshilik du`n`yasin, tsivilizatsiyalardi birlestiriwshi ulli xaliqaraliq jollar kesilisken jerde jaylasqan. Ilim su`yiwshilik da`wirindegi ma`nawiyatimizdin` qa`liplese baslag`anin'a

keminde 2,5 min` jil bolg`an. O`zbekler og`ada eski ha`m ko`pten-ko`p negizge – saklar, massagetler, sogdlar, Ksersk ha`m Iskender Zulqarnayn, Salavkiy ha`m qa`wimli tu`rklerge shekem bolg`an og`ada a`yyemgi ha`m teren` tamirli millet bolip esaplanadi. Olardin` ata-babalari bunnan min` jillar burin mine usi topiraqta otiriqshi bola baslag`an. O`zbek elatin’in` qa`liplesiwinde o`tmishte arablar ha`m parsi-ta`jik ma`deniyati tulg`alari, XIII-XIV a`sirlerdegi mong`ollar ha`m XV-XVI a`sirlerdegi Shin`g`isxannin’` shig`atay ulisi mong`ollari da o`zlerinin’` tikkeley ta`sirin ko`rsetken. O`zbeklerdin` ata-babalarina hindler, qitaylar, grekler ta`repinen de ma`deniy ta`sirler bolg`anin’ ko`riw mu`mkin. Kerek bolsa, elat ta`rizinde qa`liplesken bul o`zine ta`n gilemde uyg`irlar, armyanlar, lolilar ha`m onlap basqa da kem sanli milliy ja`ma`a`tlerge tiyisli, da`rhal ko`zge taslanbaytug`in ma`deniy jiplerdin` de toqilg`anlig`in aytiw kerek. Jigirma a`sirden ko`birek da`wirden berli Buxara, Samarqand ha`m basqa da qalalarda bizin` ata-babalarimiz benen birge evreyler de jasag`an ha`m jasap kelmekte. X a`sirden XV a`sirge shekem Maverennaxr qalalarinda bir talay xristianlar da jasag`an, bunin’` u`stin’e mong`ol hu`kimdarlari Islam dinin’ qabil etkenge shekem g`alaba tu`rde olarg`a qa`wenderlik etken.

XIX a`sirdin` aqirlarinan baslap Tu`rkstan xaliqlari arasina ruslar ha`m rus ma`deniyatin’dag`i adamlar qosildi.

U`lkemizdin` mong`ollarg`a shekem bolg`an ha`m temuriyler da`wirindegi ati – Maverennaxr oyaniwi haqqinda ayriqsha toqtalip o`tiw kerek. Islam tsivilizatsiyasi xalqimizdin` du`n`ya qarasin toltirdi ha`m bayitti, bul xaliq ja`ha`nge belgili ha`m insaniyat ta`repinen ta`n aling`an ulli oyshillardi jetkerip berdi.

Bu`gingi ku`nde g`a`rezsiz O`zbekstan o`z rawajlaniwinin’` tiykari bolg`an milliy ma`mleketshiligi, huqiqiy sistemasin qaytadan jaratpaqta, xalqimizdin` ma`nawiyati kamal tappaqta.

## 3. Bap. Mektep oqiwshilarinin’` huqiqiy ta`rbiyasin ha`m huqiqiy ko`z qarasin qa`liplestiriw.

### 3.1. Mektep oqıwshılarınin’’ h’uqıqıy ta’rbiyası h’a’m h’uqıqıy ma’deniyatınin’’ o’zine ta’n o’zgeshelikleri.

Joqarg’ı klass oqıwshılarınin’’ huqiqıy ta’rbiyası formasındag’ı «nızam tiykarları» fakultativleri «Ma’mleket ha’m huqiq tiykarları» kurs engiziliwinen biraz ilgeri payda bolg’an edi. X-XI klassların’ diyerli barlıq oqıwshıları bunday fakultativler menen qamrap alıng’an edi. Ha’zirgi waqıtta olar X-XI klasslardın’ huqiq ma’seleleri menen qızıg’atug’ın oqıwshıları menen o’tkeriledi.

Ayrım mekteplerde huqiqıy pa’nnin’’ o’tkeriliwi engizilgennen son’ fakultativ bilimlerdi o’tkeriw boyınsha iskerlik pa’seydi.Mekteplerdin’ ayrım oqıtıwshıları ha’m direktorları,ha’zir fakultativler menen shug’ıllanıw kerek pe yaki huqiq sabaqları menen shekleniw mumkin be?

Mekteptegi is ta’jriybesi sonı ko’rsetedi fakultativler a’melde o’zin aqladı. Olar oqıwshılardın’ ilgeri alg’an huqiqıy bilimlerin teren’lestiriw ha’m ken’eytiriwge ko’meklesedi.

Fakultativler kerek biraq olar mekteptegi a’piwayı sabaqlarg’a aylanıp qalmaslıg’ı kerek. Huqıq sabaqlarınan parıqlı turde fakultativ shınıg’ıwlarında a’meldegi nızamlar tiykarları uyreniledi,olar biraz ken’ ha’m teren’ bilimler beredi,nızamlardın’ qollanılıwı a’meliyatqa ko’birek jaqınlastırg’an.

Olardın’ paydalılıg’ı ko’p ta’repten tin’’lawshılardın’ g’a’rezsizligine ha’m iskerligine baylanıslı.Sonın’ ushın fakultativ bilim formaları biraz ha’r turli. Olar ta’limnin’’ isker quralların qollawdı a’debiyatlar ustin’de g’a’rezsiz islewdi,pikirler,ba’sekeler,huqiqtı qorg’aw organları xızmetkerleri menen ushrasıwlar sho’lkemlestiriliwin,sorawlar ha’m juwaplar kesheleri,olimpiadalar, «davra suhbatlari», yuridik oqıwlar o’tkiziliwin,mektepten tısqarı jıynalıslarda qatnasıwdı na’zerde tutadı. Fakultativlerdi sho’lkemlestiriwde tin’’lawshılar quramın, olardın’

jasi,tayarlıq da'rejesi,uyreniletug'ın material mazmunı ha'm sol sıyaqlılardı,sonday-aq tin''lawshılardın' o'zlerinin'' pikir ha'm qa'lewlerin esapqa alıw za'rr. Fakultativ da'stur w0 saatqa mo'lsherlengen.

XII klassta «Ma'mleket ha'm huqiqtin'' kelip shıg'ıwı ha'm mazmunı» «Ma'mleket ha'm huqiq tiykarları», «Ha'kimshilik nızam tiykarları», «Puxaralıq ha'm puxaralıq-protsesual huqiq tiykarları» kibi temalardın' uyreniliwi usınıladı.

XII klassta «Miynet haqqındag'ı nızamlar tiykarları», jınayat haqqındag'ı nızamlar ha'm jınayat huqiqı tiykarları uyreniledi.

Fakultativ da'rsturine O'zbekistan Respublikasının'' jan'a Konstitutsiyasında bekkemlenip qoyılg'an sotsial-sıyasıy ha'm ekonomikalıq duzim tiykarları,puxarlıq tiykarları,puxaralardın' tiykarg'ı huqiqları,erkinlikleri ha'm minnetlemelerin uyreniw kirgiziliwi kerek.

Shınıg'ıwlardın' ja'nede tabıslı o'tkiziliwi maqsetin'de fakultativler ushın televidenie boyınsha beriletug'ın ko'rsetiwler toplamı islep shıg'ılg'an.

X klasslar oqıwshıları ushın toplamg'a to'mendegi temalardag'ı a'h ko'rsetiw kirgizilgen. Muqaddima turine sa'wbetlesiw,»Ma'mleket ha'm huqiqtin'' kelip shıg'ıwı ha'm mazmunı», «Ga'erzsiz ma'mleket ha'm huqiq», «Ta'rbiya ha'm huqiq», «Konstitutsiya - O'zbekistan Respublikasının'' Tiykarg'ı nızamı»,»Respublikanın' ekonomikalıq ha'm sıyasıy negizleri»,»O'zbekistannın' ma'mleket qurılısı», «Ma'mleket organları dizimi», (eki ko'rsetiw) «Sud ha'm a'dillik organları», «Prokuratura», «Puxaralardın' tiykarg'ı huqiqları ha'm minnetlemeleri», «?atandı qorg'aw-a'diwli minnet», «Militsiyanın' ha'kimshilik nızamı», «Puxaralıq huqiqı», «Mulkshilik huqiqı, sha'rtnamalar », «suda puxaralıq islerinin'' ko'rip shıg'ılıwı».

XII klasslar ushın toplamg'a to'mendegi temalardag'ı a'a' ko'rsetiw kiredi. «Semya huqiqı», «Semya ag'zalarının' huqiqıy o'zara qatnasıg'ları», «Miynet sha'rtnaması», «Miynet intizamı», «Miynetke haqı to'lew

printsipi», «Jınayat haqqındag'ı nızam tiykarları» (eki ko'rsetiw), «Jınayat protsessi».

Ko'rsetiwlerde ma'mleketimizdin' ataqlı adamları, deputatlar, huqiqtanıwshı alımlar ha'm huqiqtı qorg'aw organlarının'' a'meliyatshı xızmetkerleri qatnasadı. Olardın' so'zge shıg'ıwları kinofilmler, turli mekemeler ha'm ja'miyetlik sho'lkemler iskerlikleri haqqındag'ı, puxaralardın' miynet etiwi ha'm dem alıwı haqqındag'ı reportajlar h.t.b. menen tolıqtırıp barıladı.

Ko'rsetiw aqırında oqıwshılarg'a baqlaw ushın sorawlar beriledi. Tın'lawshılar olarg'a juwapların gezektegi shınıg'ıwlarg'a g'a'rezsiz tayarlap keledi.

Sonnı aytıp o'tiw kerek,fakultativler maqseti tek oqıwshılardın' bilim alıwınan emes, ba'lkim bunday bilimlerdin' olardın' a'meliyatında qollanılıwınan ibarat. Fakultativ tın'lawshıları bolg'an joqarı klass oqıwshıları V-VII klasslarda to'mendegi temalardag'ı sa'wbetlesiwlerdi (20-30 minutlıq) uyımlastıradı. «Konstitutsiya- ma'mlekettin'' tiykarg'ı nızamı», «Puxara bolıwın' sha'rt», «Oqıwshı ha'm nızam», «Nızam ha'm ta'biyat», «Ma'mleket ha'm ja'miyet mulkin abaylan' ha'm bekkemlen'», h.t.b. Bunnan tısqarı fakultativler tın'lawshıları ruwhıy-huqiqıy ma'selerge bag'ıshlang'an jıynalıslardı tayarlaw ha'm o'tkeriwde ja'rdem beredi.

O'zbekistan Respublikaının' 1997 jılg'ı «Ta'lim haqqında»g'ı Nızamı respublikamızda jaslardın' oqıtılıwı ha'm ta'rbiyalanıwına bolg'an tiykarg'ı talapların ko'rsetip berdi. Sonin'' menen birge bizin' pikirimizshe ta'lim dizimi xızmetkerlerinin'' tiykarg'ı wazıypasın ja'ne de anıqraq ta'riyplep beriw durıs bolar edi-olar mektepti pitkerip shıg'ıwshılar bilimleri,ta'jriybelerinin'' bugingi kun talaplarına muwapıq bolıwı ushın juwap beredi. Eger mektep da'sturi turmıstan arqada qalsa,onda bos orınlar qalıp ketse,onda prokuratura emes,ba'lkim xalıq ta'limi xızmetkerlerinin'' o'zleri bug'an itibarın qaratıwı oqıwshılar huqiqıy ta'rbiyasının'' o'zgertiliwi ha'm bir turde quramalasıp barıwına erisiliwi kerek.

Ja’miyetlik jıynalıslardın’ uyımlastırılıwı ha’m huqiqıy ta’rbiyag’a ulıwma uslublıq basshılıq etiw mektep direktorı ha’m klasstan tıs isler sho’lkemlestiriwshisine juklenedi.

Klasstag’a huqiqıy ta’rbiyanı klass basshısı ha’m basqa oqıtıwshılar quraydı.

Oqıwshılardın’ huqiqıy ta’rbiyasına ta’n islerdi jaqsı sho’lkemlestiriw maqsetin’de xalq ta’limi bo’limlerinin’’ ko’p g’ana ha’kimshilik organları arnawlı buyrıqlar shıg’aradı,olarda oqıwshılar huqiqıy ta’rbiyasının’’ tiykarg’ı bag’darları belgilenedi,huqiqtan ta’lim beretug’ın oqıtıwshılarg’a uslublıq ja’rdem formaları na’zerde tutıladı,bul isti a’melge asırıw uchastkası ushın juwapker shaxslar ajratıp ko’rsetiledi.

Xalıq ta’limi bo’limlerinde apparat xızmetkerleri esabınan oqıwshılardın’ huqiqıy ta’rbiyasına tiyisli isler ushın juwapker shaxslar tayarlanadı. Huqıqtan ta’lim beretug’ın oqıtıwshılarg’a uslublıq basshılıq ha’m ja’rdem beriliwin a’melge asırıw ushın oqıwshılardın’ huqiqıy ta’rbiyası boyınsha ulublıq ken’es sho’lkemlestiriledi.

Oqıtıwshılarg’a oqıtıwshılar ta’jriybesin asırıw institutları qa’niygeleri de lken uslublıq ja’rdem ko’rsetedi. Olar oqıtıwshılardın’ turli taypaları ushın tabaqalastırılg’an jag’daydag’ı huqiq ma’selerine tiyisli arnawlı ilimiy-teoriyalıq bayanatlar toplamların islep shıqpaqta. Bayanatlar toplamlarının’ en’ tolıq variantları taryıx ha’m ja’miyettanıw oqıtıwshıları ushın mo’lsherlengen. Bunnan tısqarı,klass basshıları,sonday-aq matematika,shet tilleri, ximiya h.t.b.pa’n oqıtıwshıları ushın arnawlı bayanatlar toplamları bar.

Oqıtıwshılar ta’jriybesin asırıw institutları qasında sho’lkemlestiriletug’ın oqıtıwshılar ha’m mektepler basshıların qayta tayarlaw kurslarında «Oqıtıwshılardın’ huqiqıy ta’limi ha’m ta’rbiyasının’ ulıwma ma’seleleri» (u saat ) ha’m «Ma’mleket ha’m huqiq tiykarları» kursının’ mazmunı ha’m uslubiyatı ma’seleri» ( n’n’ saat) oqıladı.

Tashkent qalası oqıtıwshılardın' ta'jriybesin asırıw institutı oqıtıwshılarg'a anıq uslublıq ja'rdem ko'rsetiliwinin'' sho'lkemlestiriliwi boyınsha ulgi bola aladı. İnstitut Xalıq ta'limi bas basqarması menen birgeliktegi oqıtıwshılarg'a ja'rdem sıpatında o'z waqtında «Oqıtıwshılarg'a- huqiqıy bilimler» uslublıq tavsiyanomalardı,»Nızam tiykarları boyınsha oqıw televizion ko'rsetiwler», «Mekteptegi huqiqıy ta'rbiya haqqında» uslublıq qollanbalardı islep shıqtı,olardan basqa qalalardın' xalıq ta'limi xızmetkerleri de paydalı paydabanbaqta.

Bunnan tısqarı, instituta oqıtıwshılar ilimiy bilim baslıqları ha'm klastan tıs isler sho'lkemlestiriwshileri ushın oqıwshılardın' huqiqıy ta'limi ha'm ta'rbiyası dizimi ha'm onın' wazıypaları haqqında bayanatlar oqıladı. «Ma'mleket ha'm huqiq  tiykarları» kursın oqıtatug'ın oqıtıwshılar ushın shınıg'ıwlar tezlik penen diziminde o'tkeriledi,sabaqlar rejesin duziw,olarg'a materiallar, xabarlar, dereklerin tayarlaw.,sonday-aq televidenie ko'rsetiwlerinen paydalanıw h.t.b. boyınsha da ma'slahatlar berip barıladı.

Tashkent qalasında oqıw jılı baslanıwınan aldın oqıwshılardın' huqiqıy ta'limi ha'm ta'rbiyası ma'seleleri boyınsha rayonlar ha'm qalalar konferetsiyaları o'teriledi. Olarda «Huqıqıy ta'lim ha'm ta'rbiyanın' roli ha'm ornı» «Oqıwshılardın' huqiqıy ta'rbiyası diziminde olardın' individual o'zine tiyisli qa'siyetlerin esapqa alıw» sıyaqlı ma'seleler sheshiledi. «Ma'mleket ha'm huqiq tiykarları» kursının' oqıtılıwı ta'jriybesin uyreniw,unamlı is ta'jriybesi menen almastırıw, huqiqıy ta'rbiya paydasın ha'm sıpatin' asırıw ma'selelerine ulken itibar beriledi.

Rayonlar xalıq ta'limi bo'limlerinin'' uslubiyat kabinetlerinde ha'm tayanısh mektepleri degen ataq alg'an ayrım mekteplerde sho'lkemlestirilitug'ın oqıwshılar ushın arnawlı seminar-praktikumlar,ma'slahatlarının'' paydası ulken bolmaqta. Bunday mektepler mikrorayonlardag'ı bir neshshe mekteplerdi birlestiredi ha'm huqiqıy ta'rbiya boyınsha uslublıq islerdi a'melge asıradı. Bul islerdin' o'tkeriliwine huqiqtanıwshılar da jalp etiledi.

Sud,prokuratura, a’dillik, ishki isler organlarının’’ a’meliyatshı xızmetkerleri pedagogika ja’miyetlerinde tez-tez miyman boladı, bayanatlar oqıydı,sorawlar ha’m juwaplar kesheleri o’tkeriledi, seminarlar ha’m konferentsiyalarda qatnasadı,sa’wbetlesiwler,huqiq sabaqlarının’’ o’tkeriliwine ja’rdem beredi ha’m ma’mleket nızamı tiykarları boyınsha fakultativler isinde qatnasadı.

O’zlerin ta’rbiyag’a,huqiqqa qarsı tutatug’ın er jetpegenler menen huqiqıy-ta’rbiyalıq isler olardın’ psixologik,sotsial ha’m huqiqıy tavsiyanomaların esapqa alg’an jag’dayda tabaqalashtırılg’an turde a’melge asırıladı.

Sonday bir ga’p jaqsı belgili er jetpegen huqiqbuzarlar-bul nonormal halatqa waqtınshalıq tusip qalg’an balalar.Bul a’sirese ta’rbiyası qıyın o’spirimlerge tiyisli.Bunday sha’rt-sharayatlardın’ sheshiliwi-ta’rbiyası qıyın o’spirimlerdin’ huqiqbuzarlarg’a,huqiqbuzardın’ bolsa jınayatshıg’a aylanıwının’ aldın alıw demek. Huqıqbuzarlıqlardı aldın alıwdın’ tiykarg’ı wazıypası a’ne sonnan ibarat.

Mektep oqıwshıların qayta ta’rbiyalaw maqsetin’de,birinshi gezekte oqıtıwshı,klass basshısı, mektep direktorı,pedagogik ken’es,mektep ja’miyetshiliginin’’ olar menen individual is alıp barıwı arqalı erisiledi.

Eger o’spirim militsiyanin’’ balalar xanasında esapta turg’an bolsa,onda mektep ja’ma’a’tin’in’ isi er jetpegenler menen islew boyınsha komissiya,inspektsiya,ja’ma’a’tshi ta’rbiyashılar,atalıq sho’lkemleri a’melge asıratug’ın aldın alıw ilajları menen toltıradı.

Demokratik ja’miyet qag’ıydaların mensinbeytug’ın o’spirimler menen islewdegi huqiqıy ta’rtibattin’’ turli formaları arasında sa’wbetlesiwler en’ ko’p tarqalg’an forma bolıp esaplanadı.

Jekeme-jekke sa’wbetlesiwler paydalıg’ına qatar talaplar orınlag’anin’da erisiliwi mumkin,olardın’ tiykarg’ıları to’mendegilerden ibarat.

-o’spirim shaxsın,onin’’ qılmısları sebeplerin,semyasındag’ı jag’dayın,ta’rbiyalaw sha’rt-sharayatları,a’tirap-ortalıqtin’’ ta’siri,pedagogik ta’repten o’z halına taslap qoyılg’anlıg’ı da’rejesin biliw,

-sa’wbetlesiwdin’ anıqlıg’ı,er jetpegen balanın’ minez-qulqı menen og’an jaqın adamlar,doslarının’ baylanılılıg’ı. «Ulıwma turdegi» sa’wbetlesiw bul orında tuwrı kelmeydi. Sonın’ menen birge sa’wbetlesiw tek bir qılmıs a’tirabındag’ı ga’plerden ibarat bolıp qalmaslıg’ı,ugit-na’siyhat oqıw ko’leminen shetke shıg’ıw maqsetke muwapıq.

O’tkeriletug’ın sa’wbetlesiw anıq maqsetke (huqiqıy normannı tusirdirip beriw,qılmıstı a’shkaralap bahalaw, o’spirimdi unamsız ta’sir ko’rsetetug’ın dereklerden uzaqlastırıw h.t.b.) iye bolıwı kerek.Bul topar bolıp sa’wbetlesiwge de talluqlı. O’spirimler radiosazlıq,a’meliy sanaat,oylap tabıwshılıq, texnik,sport,ko’rkem ha’weskerlik penen shug’ıllanatug’ın qatar klublar ha’m do’gereklerdin’ is ta’jriybesi qızıqarlı. Bunday klublardın’ ha’mme ag’zaları ushın huqiqıy temalardag’ı shınıg’ıwlar ma’jburiy bolıp esaplanadı. Olarda huqiqıy ta’rbiya balalardın’ ko’rkem shınıg’ıwları menen birgeliktegi alıp barıladı ha’m bunda o’spirimlerge paydalı ta’rbiyalıq ta’sir ko’rsetiliwine ta’n qatar mısallar bar.

Ma’selen Tashkent qalasında ta’rbiyası qıyın o’spirimler ushın 9 rayon klubları islep turıptı. Olarda lektsiya ha’m sa’wbetlesiwler toplamları («Ortaq o’spirim», «Ar-namısının’dı jaslıqtan abayla», «Ja’miyetlik pikiri minberi» h.t.b.) oqıladı,o’spirimlerdin’ natuwrı ko’rsetpeleri ha’m qaraslarınduzetiwge qaratılg’an jekkeme-jekke ta’rtiptegi sa’wbetlesiwler alıp barıladı, olar qızıg’ıwlarına qarap do’gereklerge ha’m sektsiyalarg’a jalp etiledi.

Tashkent Ma’mleketlik yuridik institutin’da Tashkent qalalıq Mırza Ulıqbek rayonı ishki isler bo’limi militsiyasının’ balalar xanasında esapta turatug’ın o’spirimler ushın arnawlı lektoriy sho’lkemlestirilgen bolıp,institut alımları ha’m oqıtıwshıları ol jerde lektsiyalar oqıydı. Lektsiyalar bir ayda bir ma’rtebe aldınnan islep shıg’ılg’an tematika boyınsha «Senin’’ bos waqtın’», «Biyzarılıqqa qarsı gures», «Senin’’ o’zin’

juwap beresen’» «Er jetpegenlerdin’ juwapkershiligi», «Ha’mmesi pasport haqqında», «Jınayat qıdırıw bo’liminin’’ is kunleri» h.t.b. temalarda oqıladı.

Ta’rbiyag’a qarsı minez-qulıqqa jol qoyatug’ın o’spirimler menen islew o’spirimler birlespeleri- «Militsiyanın’ jas dosları», «Jas ko’she ha’reketi inspektorları,jang’ıng’a qarsı kewilli drujinalardın’ jas dosları», «Ekologik patrullar» otryadları rejelerine de kirgizilgen.

Qızıqarlı bag’darlar,go’zzal ta’biyat ha’m sotsial paydalı is oqıwshıların o’zine jalp etedi. Olar jergilikli ha’kimiyat organları ja’rdeminde ta’biyattı qorg’aw haqqındag’ı nızamdı buzıwshı ka’rxanalardı anıqlasadı.

Bunday o’spirimler menen islewde olardın’ turli lagerler- miynet ha’m dem alıw, sport-miynet, a’skeriy sport lagerlerine jalp qılınıwı ulken a’hmiyetke iye.

Miynet ha’m dem alıw lagerleri mektepler,xalıq ta’limi organları ta’repinen jaslar sho’lkemleri ha’m ka’siplik awqam ken’esleri menen birgeliktegi xojalıq ha’m ja’miyet sho’lkemlerinin’’ iskerligi qatnasında diyhanshılıq sanaat birlespeleri,qurılıslar, ka’rxanalar negizinde qurıladı.

Mekteptin’’ jaslardan ibarat belsendileri miynet ha’m dem alıw lagerlerinin’’ o’zegin quraydı. «Ta’rbiyası qıyın o’spirimler» lagerde dem alıwshılardın’ n’0 payızın quraydı.Ta’jriybenin’’ ko’rsetiwinshe birgeliktegi miynet protsessinde olardın’ ko’pshiligi qayta ta’rbiyalanıw jolına o’te basladı.

Lagerlerde islew ushın pedagok-ta’rbiyashılar ajratılıp olar brigadadag’ı ta’rbiyalıq isler jag’dayı,oqıwshılardın’ belsene dem alıwının’ sho’lkemlestiriliwi ushın juwap beredi.

### 3.2 «Ma'mleket h'a'm h'uqıq tiykarları», «İnsan h'uqquqları», «Konstitutsiyadan sabaqlar», «Konstitutsiya a'lemine sayaxat» oqıw pa'nlerinin'' h'uqıqıy ta'rbiyadag'ı a'h'miyeti.

«Ma'mleket ha'm huqiq tiykarları» ha'm «İnsan huqiqları» oqıw pa'nlerinin'' oqıtılıwı oqıwshılardın' bul ilimlerdi o'zlestiriwi bir dizimge salıng'an huqiqıy bilimlerdi alıwdın' en' paydalı usılı bolıp esaplanadı. Ta'limnin'' basqa hesh qanday formaları oqıw protsessinin'' sabaq, yag'nıy huqiq sabag'ı sıyaqlı tiykarg'ı forması ornın basa almaydı.

Barlıq bilim jurtlarında nızam tiykarları ha'm insan huqiqlarının'' ornatılıwı engizilgen. Da'sturge ma'mleket huqiqı, ha'kimshilik huqiqı,miynet, jer, puxaralıq,shan'araq ha'm jınayat huqiqları boyınsha temalar kirgizilgen.

Orta ulıwma ta'lim mekteplerinde de huqiqtin'' ta'jriybe turinde oqıtılıwı baslandı,VIIIklasslar oqıhshıları ushın «Ma'mleket ha'm huqiq tiykarları» kursının' ma'jburiy ta'rtipte oqıtılıwı engizildi.

Bul kurstı oqıtıwdan maqset- oqıwshılarg'a ma'mleket ha'm huqiq haqqında anıq tusinikti,ma'mleket tiykarg'ı funktsiyaları ha'm organları, huqiq printsipleri ha'm normaları, ma'mleket ha'm huqiqtin'' demokratik ja'miyet qurıwdag'ı, sotsial protsesslerdi basqarıwdag'ı roli,nızam haqqındag'ı bilimler dizimin beriwden ibarat.

Sotsial pa'nler diziminde huqiq pa'ni ayrıqsha orın tutadı. Huqıqıy bilimler turmısta, ha'r qıylı anıq jag'daylarda durıs bag'dar alıw,ruxsat etilgen ha'm qadag'an etilgen na'rseler ortasındag'ı shegaranı taba biliw, o'z huqiq ha'm ma'plerin qorg'awdın' nızamlı jolları ha'm quralların tan'lawg'a uyretedi. Huqıqıy bilimlerdin' bunday birinshi funktsiyasın sotsial bag'darlag'anlıq funktsiyası dep ataladı.

Huqıqıy bilimler sıyasıy bilimlerin ken'eytiredi,isenimler qa'liplesiwine,turmıstag'ı huqiqıy ha'diyselerdi durıs tusiniw, huqiqıy talaplarg'a sanalı turde boysınıw,barlıq puxarlardın' huqiqıy normativlerine a'mel qılıw ushın guresiwge ko'meklesedi.

Huqıqıy bilimlerdin' bul ekinshi funktsiyasının'' adamlardın' isenimleri ha'm dunya qarasların qa'lipsetiriwde birgeliktegi qatnasıw dep atalıwı biykarg'a emes.

«Ma'mleket ha'm huqiq tiykarları» kursının' da'sturi ha'm oqıw qollanbasına tiykarlanıp ma'mleket ha'm huqiq,nızamshılıq,ma'mleket huqiqı,ha'kimshilik,miynet,shan'araq ha'm jınayat huqiqı, sonday-aq ja'miyetimizde nızamshılıq ha'm huqiqıy ta'rtibattı ta'miynlewshi organlar (on tema) haqqında tiykarg'ı mag'lıwmatlardın' uyreniliwi na'zerde tutıladı.

Bul temalar birlesip huqiqtanıw pa'nin'in' negizin quraydı, oqıwshılarg'a maqul bolatug'ın belgili dizimde bilimler toplamın beredi.

Belgili pa'ndi oqıtıwdın' tiykarg'ı forması-sabaq. Da'slep ha'r qanday pa'nge ta'n sabaq zamanago'y talaplardın' orınlanıwına qaratılg'an bolıwı kerek. Bunday sabaqtag'ı barlıq iskerlik pedagogika,sotsialogiya,psixologiya h.t.b. pa'nlerdegi en' jan'a jetiskenliklerdi,pedagogik ta'jriybeni esapqa alg'an jag'dayda a'melge asırıladı.

Mekteptegi sabaqlar ja'miyetimizdegi ilimiy-texnik ha'm sotsial rawajlanıw,materiallıq islep shıg'arıw ha'm sotsial sana tarawındag'ı tp o'zgerisler sebepli juz bergen ha'zirgi rawajlanıw protsesslerin ko'rsetiwi kerek.

Ta'lim usılları oqıwshılardın' oqıw protsessindegi iskerligine ja'rdem beriwi ha'm uyreniletug'ın materialdın' teren' an'lap jetiliwinta'miynlewi kerek. Bunday talaplar ta'limde, ta'rbiyada ha'm biliw qa'biliyetlerin rawajlandırıwda a'hmiyetli rol oynaydı.

Ta'limde texnika quralları, ko'rgizbeli qollanbalar, radio ha'm televidenienin'' qollanılıwı ulken a'hmiyetke iye. Olardan paydalanıw radiosabaqlar, telesabaqlar ha'm kinosabaqlardın' juzege keliwine sebep bolıdı.

Sabaqtag'ı ilimiy sho'lkemlestilgen oqıw protsessi sonın' menen xarakterli,olar oqıwshılardın' jan'asha jag'daylarda da a'mel qılıwı,ken' ko'lemdegi ma'selelerdi sheshiwde qollanılıwına imkan beretug'ın bilimler, ta'jriybeler, ko'nlikpeler berdi.

Bilimlerdin’ minez-qulıq tarawına,ja’ma’a’t,shan’araq,turmıstag’ı o’zara qatnasıqlar a’lemine «ko’shiriliwi» huqiqıy-ta’rbiyalıq islerde,jas insan shaxsında unamlı pazıyletlerdi (tuwrılıq, printsipiallıq ja’miyet ma’plerinin’’ buzılıwına taqatsızlıq, iskerlik, juwapkershilik, puxtalıq, o’zara hurmet, qıyınshılıqlardı sheshe biliw, jamanlıqqa qarsı tura biliw,basqa adamg’a ja’rdem qolın soza biliw qa’bilietleri h.t.b.) ta’rbiyalawg’a ta’n islerde ulken a’hmiyetke iye.

Sabaqtag’ı oqıw protsessin oqıwshılardın’ individual o’zine ta’n qa’sietlerin esapqa alıp juriw kerek. Oqıwshılar quramı ha’r qanday jag’dayda bolg’anıda da bilimler ha’m ta’jriybelerin o’zlestiriw birdey bolmaydı,sebebi balalardın’ is qa’bilieti,tayarlıg’ı,ta’rbiyalang’anlıg’ı turlishe boladı.

Auditoriyag’a salıstırg’anda bunday tabaqalastırılg’an jandasıw durıs ta’rbiyanın’ da a’hmiyetli sha’rti bolıp esaplanadı. Ma’selen,klassta er jetpegenler menen islew boyınsha inspektsiyada esapta turatug’ın balalardın’ bolıwı olarg’a qarag’anda ayrıqsha jandasıwdı,za’rur bolg’anin’da topar-topar bolıp yaki jeke ta’rtipte islewdi ko’rsetedi.

Sabaq oqıwshılarda doslıq sezimin rawajlandırıwı, klasstag’ı isler awhalı ushın ja’ma’a’t turinde juwapker bolıwg’a uyretiwi kerek. Klasstin’’ abroyı jaslar sho’lkemlerinin’’ is alıp barıwı qıyın ta’rbiyalanatug’ın balalar minez-qulqına o’z ta’sirin ko’rsetedi.

Huqıq oqıtıwshısı huqiqtanıw ha’m huqiq pedagogikası tarawında arnawlı tayarlıqqa iye bolıwı kerek. !dette,mektep oqıwshısı yuridik mag’lıwmatqa iye bolmaydı. Sonın’ ushın ha’zir pedagogika bilim jurtında huqiqtin’’ oqıtılıwı boyınsha sharalar ko’rilmekte,mektepler oqıwshıları ha’m baslıqların qayta tayarlaw kursları sho’lkemlestirilgen.

Ha’zirgi sabaqlıqlarg’a qoyılatug’ın ulıwma talaplar tolıqlıg’ınsha huqiq sabag’ına da tiyisli. Sonın’ menen birge huqiq sabag’ı ayrım o’zine tiyisli qa’sietlerge de iye.

Huqıqtı oqıtıw wazıypaları,mazmunı ha’m usılları tek g’ana yuridik ta’lim beriw maqsetin’ emes, sol menen birge huqiqbuzarlıqtın’ aldın alıw,huqiqıy sanasının’ joqarılawın da o’z aldına maqset etip qoyg’an.

Huqıqıy ta’lim na’tiyjeleri oqıwshılar sotsial iskerliginin’’ asıwı,olardı o’tmish sarqıtlarına,milliy ruwhıylıq normaların buzıwlarg’a qarsı gureske jalp etiw menen baylanıslı. Basqa pa’nlerge ta’n sabaqlar sıyaqlı huqiq sabag’ı da ha’r qıylı formalarda –sabaq-sa’wbetlesiw, sabaq-bayanat, sabaq-seminar, ta’krarlaw-ulıwmalastırıw sabaqları turinde o’tkeriliwi mumkin.

Ayrım oqıtıwshılar huqiqtı oqıtıwdag’ı belgili qıyınshılıqlar barlıg’ı-huqiq tilinin’’ «qurıqlıg’ı» yuridik normalardı tsiniwdin’ qıyınlıg’ı,huqiqıy atamalardın’ quramalıg’ın da aytıp o’tken.

Biraq eger oqıtıwshı lazım da’rejede tayarlang’an ha’m huqiqıy norma mazmunın oqıtıwg’ilarg’a tusinerli ha’m jaqın bolg’an turmıslıq jag’day arqalı ashıp Bere alatug’ın bolsa, bunday qıyınshılıqlardı biyma’lel sheshiw mmkin.Huqıq tilinin’’ o’zine ta’n qa’siyetleri xalıqtin’’ qa’lewin ko’rsetetug’ın nızamnin’’ anıqlıg’ı onı erkin talqın etiw mumkin emesligi menen baylanıslı. Ondag’ı sıg’ıw ta’riyplerde huqiqıy bilimlerdi obrazlı,emontsional,tsinerli turde targ’ıp etiw ushın ken’ imkaniyatlar toplang’an.

Huqıqtı oqıtatug’ın oqıtıwshı za’rur jag’daylarda «Huqıqtanıw lug’atı» yuridik atamalardın’ qısqasha lug’atin’a murajaat etiwi lazım.

Sabaqtin’’ ja’ne de anıq ha’m isenimli bolıwı ushın oqıtıwshı oqıwshılarg’a «Olar adamlar o’miri ha’m salamatlıg’ın qorg’ap atırıp,o’z o’mirlerin qa’wip astin’a qoyg’an» degen temada (waqıtlı baspa so’z, ko’rkem a’debiyat, kinofilmler materialları ha’m sol sıyaqlılar tiykarında) onsha ulken bolmag’an xabar tayarlawdı usınadı.

Sabaq basında oqıwshılardın’ xabarları tın’lanadı. Oqıtıwshı juwmaq jasap,oqıwshılar dıqqat-itibarın huqiqqa salıstırg’anda unamlı qatnasıq bildirilgen mısallar nızamlı minez-qulıq ulgilerine qaratıp,ma’seleni bayan etiwge o’tedi,na’tiyjede bul ulken ta’rbiyalıq payda keltiredi.

Ta’biyat qorg’awı, miynet haqqındag’ı nızamlar ha’m sol sıyaqlılar haqqındag’ı sabaqlardı da qızıqarlı etip o’tkeriw mumkin.

Ma’selen,oqıtıwshı «Miynet huqiqı» temasına is waqtı ha’m dem alıs waqtı haqqındag’ı shınıg’ıwg’a tayarlanıwda balalarg’a,sabaqlardı tayarlaw,ata-anasına

ja'rdem beriw,oqıw,kinofilmler ha'm teleko'rsetiwlerdi tamasha etiw,sport oyınları,ha'wlide seyil etiw ha'm sol sıyaqlılarg'a qansha waqıt sarplanıwın tolıq jazıw haqqında tapsırma beredi. Bunday sabaqta balalardın' ko'pshiligi o'zlerinin'' bos waqtın paydalı turde o'tkere almaslıqlarına isenim payda etedi.

Huqıq sabaqlarının' (sonday-aq huqiqıy ta'rbiyanın' basqa formalarının'' da) bir ma'rte o'tkeriliwi,turmıstag'ı unamsız ta'replerdin' bo'rttirilip ko'rsetiliwi olardın' kemshiliklerinen biri bolıp esaplanadı. Biraq isti unamlı mısallarg'a tiykarlang'an jag'dayda o'tkeriw, adamlar qaharmanlıg'ın targ'ıp ete biliw za'rur. Sonın' ushın oqıtıwshılar nızamg'a boysınıwı ushın gurestegi qahramanlıq,puxaralardın' jalınlardı o'shiriwi,adamlardı saqlap qalıwdag'ı, jınayatshılardı tutıw waqtındag'ı pida'kerligi de solar sıyaqlılar haqqındag'ı dag'azalang'an materiallardan ko'birek ha'm ken'rek paydalanıwı kerek.

Oqıwshılardın' «Ma'mleket ha'm huqiq tiykarları» pa'nin' ja'nede teren' o'zlestiriwi maqsetin'de to'mendegi temalar boyınsha a'a' shınıg'ıwdı na'zerde tutatug'ın televizion ko'rsetiwler da'sturi islep shıg'ılıwı ha'm a'melge asırılıwı kerek. «Ta'rbiya ha'm huqiq», «O'zbekistan Respublikasında ha'kimiyat organları dizimi», «?atandı qorg'aw-muxaddes minnetleme», «Miynet huqiqı», «Ma'mleketimizdegi ta'biyattı qorg'awg'a ta'n iskerlik», «Puxaralıq huqiqı», «Shan'araq huqiqı», «Nızam ha'm huqiqıy ta'rtibattı n' ta'miynleniwi-bizin' ulıwma isimiz», «Huqıqtı qorg'aw organları dizimi».

Ko'rsetiwler sonnı esapqa alg'an bolıwı kerek,sabaq basında oqıtıwshılar o'tilgen tema boyınsha soraw imkaniyatına iye bolsın,son'ra jan'a temag'a ta'n ko'rsetiw tamasha qılınıwı ha'm tamashadan keyin alıng'an bilimler bekkemleniwi kerek. Televizion ko'rsetiwlerde huqiqtanıwshılar,deputatlar,ma'mleket ha'm ja'ma'a't sho'lkemleri xızmetkerlerinin'' shıg'ıwları ta'jriybe qılınıwı,ko'rkem ha'm hujjetli filmlerden uzindiler,reportajlar h.t.b. materiallar ko'rsetiliwi kerek.

Mekteplerde huqiqtin'' oqıtılıwı oqıtıwshı kadrlardın' jeterli tayarlanbag'anlıg'ın ko'rsetedi. Sonnı aytıw jeterli,huqiqtanıwshı-oqıtıwshılardın' yarımınan ko'bi bazalıq yuridik mag'lıwmatqa iye emes,mekteplerdegi huqiqtanıw sabaqların ko'binese qosımsha saatlar alıw imkaniyatına iye oqıtıwshılar-

tarıyxshılar,matematikler,fizikler sıyaqlı oqıtıwshılar oqıtadı. Bunda olar o'z bayanatların joqarı oqıw orınlarının' tin''lawshılar jasın esapqa alıp a'piwayılastırılg'an da'sturleri boyınsha oqıtadı. Turg'an ga'p,bunday shınıg'ıwlar za'rur paydanı bermeydi. Tek eger bunday sabaqlardı huqiqtanıwshılıqtı ha'm balalar psixologiyasın birdey jaqsı biletug'ın professional-a'meliyatshılar o'tse g'ana olar unamlı na'tiyje keltiriwi mumkin. Taza teoriyalıq bilimler menen birge ko'rgizbeli mısallardı da keltire alatug'ın huqiqtanıwshı,prokuror,huqiqtı qorg'aw organlarının' basqa xızmetkerleri oqıwshılarg'a barlıq nızamlardı,olardın' huqiqları ha'm minnetlemelerin sonday-aq nızamdı buzg'anlıqtı orınlamag'anlıq ushın jwapkerlik sharasın bir qansha a'piwayılastırıp tusindirip beriwi mumkin.

O'zbekistan o'z g'a'rezsizligine eriskennen keyin jan'a nızamına yag'nıy o'zinin'' Kontitutsiyasına iye boldı.

O'zbekistan respublikasının' Prezidenti İ.Karimov w00q- jıl r- yanvarda «O'zbekistan Respublikası Konstitutsityasın uyreniwdi sho'lkemlestiriw haqqında» pa'rmanı qabıl etildi.

Bul pa'rman boyınsha bir neshshe ilajlar islep shıg'ıldı. Mısalı, bakalavr qa'nigelikleri ushın ei-saat ko'leminde, magistrlar ushıw qi-saat ko'leminde, orta ha'm arnawlı oqıw orınlarında r0-saat ko'leminde, al mekeme ha'm sho'lkemlerde bolsa y-saat ko'leminde, balalar baqshalarında, sonday-aq mekteplerde q0-qw saat ko'leminde «O'zbekistan Respublikası Konstitutsiyasın uyreniw kursı» boyınsha da'stur islep shıg'ılg'an. Sonday-aq sabaqlıqlar ha'm oqıwlıqlar, metodik qollanbalarda islep shıg'ıldı ha'm ha'zirgi waqıtta olardan paydalanılıp atır.

Olardan mısalı, orta ha'm arnawlı oqıw orınları ushın «Uzbekiston Respublikasi Konstitutsiyasini urganish kursi» sabaqlıg'ı, mektep oqıwshıları ushın «Konstitutsiya a'lemine sayaxat», «Konstitutsiyadan sabaqlar» degen atamadag'ı oqıwlıqlar shıg'arıldı. Bulardan basqa da yuridika ilimleri doktorı S. Nietullaev ta'repinen «№araqalpaqstan Respublikasının' konstitutsiyalıq huqiqı» degen oqıwlıg'ı jan'a latın tilinde islep shıg'ıldı ha'm baspadan shıg'arıldı. Yuridika ilimleri doktorı E.

№utıbaeva ha'm yuridika ilimleri kandidatı Z. Reymovalar ta'repinen «№araqalpaqstan Respublikası Konstitutsiyasına tusindirme» degen atamadag'ı metodik qollanbası islep shıg'ılıp, ha'zirgi waqıtta onı oqıwshı jaslarımız paydalanıp kelmekte.

O'zbekistan Respublikası Konstitutsiyası normaları suveren ma'mleket sıpatında respublika duzilisin, onın' uyımlar sistemasın bekitip beredi. O'zbekistan Respublikası Konstitutsiyası qoow-jıl
i- dekabrde qabıl etilgen jan'a Konstitutsiya bolıp tabıladı. Konstitutsiyanin'' birinshi statiyasında bılay delingen, «O'zbekistan suverenli demokratiyalıq respublika» ma'mlekettin'' «O'zbekistan Respublikası» ha'm « O'zbekistan» atamaları ten' da'rejeli. Ma'mleket atamasının' huqiqıy statusının'' za'rurli belgisi.

Ekinshi statiyada xalıqtin'' erki ja'riyalanadı, konstitutsiyalıq turde bekitiledi, ma'mleket xalıqtin'' erkin bildiredi ha'm onin'' ma'plerine xızmet etedi.

Bulardan basqa da Konstitutsiya normaları insan ha'm puqaralardın' huqiqların, erkinliklerin ha'm de nızamlı minnetlerin belgilep beredi. Konstitutsiyanin'' ekinshi bo'limi ulıwma usı bag'darg'a arnalg'an.

Mısalı, O'zbekistan Respublikası qi-statiya «O'zbekistan Respublikasında barlıq puqaralar bir qıylı huqiq ha'm erkinliklerge iye bolıp, jınısı, shıg'ısı, milleti, tili, dini, sotsiallıq kelip shıg'ıwı, shaxsı, sotsiallıq jag'dayına qaramastan nızam aldında ten'dur».
Jen'illikler tek g'ana nızam menen belgilenip, sotsiallıq adolat printsiplerine say bolıwı sha'rt.

20-statiya, «Puqaralar o'z huqiq ha'm erkinliklerin a'melge asırıwda basqa shaxsladın', ma'mleket ha'm ja'miyettin'' nızamlı talapları, huqiqları ha'm erkinliklerine zıyan jetkizbewi sha'rt».

24- statiya, «Jasaw huqiqı ha'r bir insannın' ajıralmas huqiqıdur. Og'an qasıyanlıq qılıw awır jınayat esaplanadı».

25- statiya, «Ha’r bir puqara jeke o’zi yaki basqalar menen birgelikte ua’killikli organlarg’a, mekeme ha’m sho’lkemlerge, xalıq wa’killerine arza, usınıs, ha’m jalıbı qılıw huqiqına iye. Arzalar, usınıslar ha’m jabılar nızamda belgilengen ta’rtipte ha’m muddette ko’rip shıg’ılıwı sha’rt».

26-statiya, «Ha’r kim qartayg’anda, miynet qa’biletin’ jog’altqanda, sonday-aq bag’ıwshısınan ayırılg’anda ha’m nızam da na’zerde tutılg’an basqa jaa’daylarda sotsiallıq ja’rdem alıw huqiqına iye. Pensiyalar, napaqalar, sotsiallıq ja’rdemnin’’ basqa turlerinin’’ mug’darı rasman belgilep qoyılg’an tirishiliktin’’ za’rur en’ kem mug’darınan az bolıwı mumkin emes».

41- statiya, «Ha’r kim bilim alıw huqiqına iye. Biypul ulıwma bilim alıw ma’mleket ta’repinen kepillestiriledi. Mektep isleri ma’mleket baqlawında boladı».

42- statiya, «Ma’mleket puqaralardın’ Konstitutsiya ha’m nızamlarda bekkemlengen huqiqların ha’m erkinliklerin ta’miyinleydi».

45- statiya, «Er jetpegenler, miynet qa’biletin’ jog’altqanlar, jalg’ız baslı qartayg’anlardın’ huqiqları ma’mleket qorg’awında».

46 – statiya, «Hayal-qızlar ha’m erkekler ten’ huqiqılıdur».

## 3.3. Sabaqtan tısqarı jag'daylarda jaslardın' huqiqıy ta'rbiyasın ha'm huqiqıy ma'deniyatın sho'lkemlestiriw.

Mektep oqıwshıları, ta'rbiyashılar, klasstan ha'm mektepten tısqarı isler sho'lkemlestiriwshileri, ilimiy bo'lim baslıları ha'm direktorları mektepten tısqarı waqıtta o'tkeriletug'ın qanday huqiqıy ta'rbiya formaları barlıg'ın biliwi,sonın' menen birge oqıwshılardı bul iske jalp etiwi,olardı bunın' ushın sıylıqlandırıwı,bul isti sho'lkemlestiriwde o'zleri belsendilik ko'rsetiwi kerek.

Huqıqıy bilimler targ'ıbatı-huqiqıy ta'rbiyanın' a'hmiyetli forması. Huqıqtanıwshı-lektorlar,alımlar ha'm prokuraturu, sudlar,militsiya,a'dillik organlarının'' a'meliyatshı xızmetkerleri respublikada,sol qatardan er jetpegenler arasında huqiqıy targ'ıbat isleri alıp barıladı. Bunday islerdin' tiykarg'ı maqseti-ma'mleket ha'm huqiq teoriyası,yuridik bilimlerdin' ulıwmalastırılıwı,huqiqıy normalar ha'm nızamnın' demokratik printsiplerinin'' tusindirilip beriliwinen ibarat. Huqıqıy targ'ıbat xalıqtın' huqiqıy ta'limin,huqiqıy sanası ha'm huqiqıy ma'deniyatın asırıw, huqiqbuzarlıqtin'' aldın alıw ha'm eskertiwdin' a'hmiyetli quralı bolıp esaplanadı.

O'zbekistan Respublikası Konstitutsyasının' tiykarg'ı qag'ıydaların dodalaw huqiqıy-ta'rbiyalıq islerdin' a'hmiyetli bag'darı.

Er jetpegenlerdin'sotsial-psixologik h.t.b. o'zine ta'n qa'siyetleri olar ortasında huqiqıy targ'ıbattı sho'lkemlestiriwdin' bag'darların belgileydi. Huqıqıy ta'rbiyag'a tiyisli islerde er jetpegenlerdin' to'mendegishe toparların ajratıp ko'rsetiw qabıl etilgen,orta ulıwma ta'lim mektepleri,o'ner-texnika bilim jurtları,texnikumlar oqıtıwshıları,a'h jasqa shekem bolg'an ishshi ha'm awıldag'ı jaslar,joqarg'ı oqıw orınları talabaları. Demokratik ja'miyet qag'ıydaların mensinbeytug'ın,qıyın ta'rbiyalanatug'ın, pedagogik ta'repten o'z halına taslap qoyılg'an,huqiqbuzar er jetpegen o'spirimler ayrıqsha taypanı quraydı.

Huqıqıy targ'ıbat formaları turaqlı a'mel etetug'ın ha'm bir ma'rtelik bolıwı mumkin.

Turaqlı a'mel etetug'ın formalarg'a to'mendegiler kiredi, huqiqıy bilimler xalıq universitetleri,huqiqıy lektoriyler,jas huqiqtanıwshıklubları ha'm mektepler.

Huqıqıy bilimler xalıq universitetlerinin'' jaslar fakultetleri jas jigitler ha'm qızlardın' huqiqıy ta'rbiyasında a'hmiyetli rol oynaydı.Olar o'spirimlerge belgili dizimdegi huqiqıy bilimler toplamın beretug'ın o'zine ta'n oqıw jurtları bolıp esaplanadı. Bunday fakultetler da'sturleri joqarg'ı klasslar ha'm o'ner-texnika bilim jurtları oqıwshılarının'' sol paytqa shekem alg'an huqiqıy bilimlerin esapqa alg'an halda duzilgen. Fakultetler wazıypası-jaslarg'a teren' huqiqıy bilimlerdi beriwi.Olar bir yaki eki jıllıq da'sturler boyınsha is alıp baradı,tuwrı oqıw jurtları ha'm de ma'deniy-ruwhıy mekemeler qasında sho'lkemlestiriledi.

Ta'jriybe sonnı ko'rsetedi,jaslar fakultetleri huqiqıy ta'rbiya forması sıpatin'da o'zin aqlap atır. Olar balalar peyline unamlı ta'sir ko'rsetedi ha'm basqa sharalar menen bir qatarda olar ortasında huqiqbuzarlıqlardın' kemeyiwine ko'meklespekte. Bunday fakultetler huqiqıy bilimler xalıq universitetleri qasında sho'lkemlestiriliwine erisiw za'rur.

Ko'p g'ana mektepler,o'ner-texnika bilim jurtları,klublarda huqiqıy lektoriyler iskerlik ko'rsetedi. Olardın' tematik rejelerinde to'mendegishe bayanatlar toplamları na'zerde tutılg'an,demokratiya ha'm nızam,miynet,puxaralıq,jınayat haqqındag'ı nızamlar,jaslardın' huqiqları ha'm minnetlemeleri,ha'm islep,ha'm oqıytug'ın shaxslar ushın puxaralardın' ja'miyet ta'rtibin saqlawdag'ı qatnası haqqındag'ı bayanatlar.

Shınıg'ıwlar forması oqıwshılardın' psixologik o'zine ta'n qa'siyetlerin,dıqqat-itibarı ha'm qızıg'ıwshılıqların tez-tez o'zgertip turıwg'a meyilligin esapqa alıp tiykarlanadı. Shınıg'ıwlar o'zara sa'wbetlesiw turinde o'tkeriledi. Tın'lawshılar aldında bir neshe adam swzge shıg'ıp, ha'mmesi bir temanı ha'r ta'repleme dodalap ha'm uyrenip baradı. Ha'r bir

shınıg'ıwlar usı temag'a arnalg'an qanday da bir a'debiy da'stur (a'debiy shıg'ıwlar,hujjetli ha'm ko'rkem filmlerdi qoyıp beriw) menen tamalanadı.

Klub da'sturde to'mendegi shınıg'ıwlardın' temaları ko'zde tutıladı. «Xalıq bilimlendiriw haqqındag'ı nızam», «Mektep nızamı- mektep oqıwshıları turmısı nızamı», «Jası tolmag'anlardın' huqiqbuzıwshılıqları ushın juwapkerlik haqqında» (juwapkerlik jası abaysızlıq, ata-analar o'spirimlerdin' huqiqbuzıwshılıqları ushın juwap beredi me?) «Puxara.Hujjet.Notarius», «Ar-namısının'dı jaslıqtan abayla» (klub ag'zalarının' huqiqtanıwshılar,shıpakerler, psixologlar,jurnalistler menen ushırasıwı.) «Menin'' militsiyam meni qorg'aydı»(ha'r qashan posta putin' xalıq qollap-quwatlaydı,jınayattin'' aldı alındı) «№a'lew erkinligi ha'm juwapkershilik», «O'z-o'zin an'law nedegeni?» , «İnsannın' ha'mme na'rsesi go'zzal bolıwı kerek».

Bunday klublarda tiykarg'ı dıqqat-itibardı jaslardı qızıqtıratug'ınen' aktual o'mirdegi ta'rbiyalıq-huqiqıy ma'selelerge qaratıladı.Bunnan tısqarı huqiqıy ta'rbiyanın' bunday forması tiyisli aktual ma'seleni bir nshshe ushırasıw dawamında, turli pozitsiyada turıp, ko'rip shıg'ıw bunı isenimli turde izbe-izlik penen a'melge asrıw imkanın beredi.

Klublar ha'm ma'deniyat sarayları, kitapxanalar, jaslar jataqxanalarında yuridik oqıwlar sho'lkemlestiriledi. Oqıwlardı o'tkeriw ushın yuridik a'debiyatlardag'ı jan'alıqlar, gazeta ha'm jurnallardag'ı aktual maqalalardan paydalanıladı.

Yuridik oqıwlar emotsianal ta'sir ko'rsetiw quralları: sanaat ustalarının' a'debiy muzikalı kompozitsiyaları, ko'rkem ha'weskerlik shıg'ıwları, kino filmlerdi tamasha qılıwlar menen birge qosıp alıp barıladı. Bulardın' ha'mmesi tin''lawshılardın' sanasına, sonın' menen birge ishki sezimlerine de na'tiyjeli ta'sir etiwine ja'rdem beredi.

Yuridik oqıwlar temaları turlishe bolıwı mumkin, «Shan'araq haqqında sa'wbetlesiw», « Bunın' janınan biypa'rwa o'tpen'», « Go'zzal ha'm ma'deniy insan haqqında», «Zıyanlı na'rselerdin' hesh qaysısın

keshirmeyiz», « Kim bolıw ha’m qanday bolıw kerek?», « İnsan ushın guresip», « Senin’’ huqiqlar, senin’’ minnetin’’» h.t.b.

Yuridik oqıwlar ta’rbiyalıq - huqiqıy temalardag’ı pikirler ha’m kitap suyiwshiler konferentsiyaları menen qosıp alıp barılıwı, ayırım jag’daylarda bo’lek o’tkeriliwi mumkin. Sonısı xarakterli huqiqıy ta’rbiyanın’ bunday formaları huqiqıy temalardı ta’rbiya, ma’deniy ta’rbiya ma’seleri, salamat turmıs ta’rizi, xalıq urip-a’detlerinin’’ jıynag’ı menen kompleks ta’rizde jaratıwdı ta’miyinleydi. Bunın’ na’tiyjesinde temalar ko’lemi ken’eyedi, huqiqıy ta’rbiyanın’ a’hmiyeti artadı.

Ko’p g’ana qala sudları qasında mektepler ha’m mektepten tısqarı ma’selerde « Jas huqiqtanıwshılar mektepleri» sho’lkemlestirilgen ha’m islep turıptı. Olardın’ wazıypası – oqıushılırdın’ huqiqın teren’ uyreniwi, olardın’ ka’siplik bag’darlanıwı, mektepler ushın huqiqıy ma’seleler boyınsha xabarshılar ha’m sa’betlesiwshiler tayarlanıwına ko’meklesiw, mekteplerde intizam ha’m o’zlestiriwdi bekkemlewden ibarat.

Jas huqiqtanıwshılar lektsiyalar tin’’laydı, seminar ha’m a’meliy shınıg’ıwlarda qatnasadı, pikirlesiwler o’tkeredi, kino filmler tamashası ha’m dodalawdı uyımlastıradı, militsiya, prokuratura, sud isi menen tanısadı, huqiqıy bilimler olimpiadalarında qatnasadı.

Mekteplerde X-XII klaslar oqıushıları ushın arnawlı turde bayanatlar, seminar ha’m a’meliy shınıg’ıwlar o’tkeredi.

O’z oqıwshılırının’ qızıg’ıwshılıg’ın ha’m ka’biletlerin biletug’ın oqıtıwshı, klass basshılarının’ oqıwshılırdın’ mektepten tısqarı huqiqıy ta’rbiyanın’ mine sonday formalarında qatnasıwların rawajlandırıwı, bunday formalardın’ mekteptegi intizam ha’m o’zlestiriw jag’dayına ta’sirinin’’ na’tiyjesin uyreniwi, jas huqiqtanıwshılar mektepleri tin’’lawshıların to’men klasslardag’ı sho’lkemlestiriwshilik islerine, tapsırmalardı orınlawg’a biriktiriw a’hmiyetli.

## Juwmaqlaw.

Menin' pitkeriw qa'nigelik ilimiy jumısımnın' teması «Mektep oqıwshılarının'' h'uqıqıy ta'rbiyasın qa'liplestiriwde h'uqıq pa'nlerin oqıtıwdın' a'h'miyeti» dep ataladı.

Bul pitkeriw qa'nigelik jumısım kirisiw bo'limi, tiykarg'ı bo'limi 2 baptan, juwmaqlaw bo'limi ha'm paydalang'an a'debiyatlar diziminen turadı. Onda men to'mendegi mag'lıwmalardı bayan ettim.

Jaslardın' huıqıqıy ta'rbiyasının' na'tiyjeligi ko'p ta'repten onın' qa'nshelli o'z waqtında baslang'anlıg'ı menen baylaıchlı. Bizin' ko'z qarasımızda huqıqıy atamadag'ı ushırasıwlar, disputlar ha'm kesheler mektep oqıwshıların huqıqıy bilimlendiriwde na'tiyjeli usıl esaplanadı. Olarg'a «Puqara bolıw sha'rt», «Jas tolmag'anlardın' juwapkershiligi haqqında», «Huqıq ha'm minnet», «Kim juwapker» degen atamadag'ı o'tkeriletug'ın ushırasıwlar o'zinin' na'tiyjesin beredi.

Mekteplerde huqıqıy pa'nlerdi oqıtıw arqalı da mektep oqıwshılarının' huqıqıy ta'rbiyasın ha'm huqıqıy ma'deniyatın rawajlandırıw mmkin. Usı arqalı «İnsan huqıqları», «Ma'mleket ha'm huqıq tiykarları», «Konstitutsiyadan sabaqlar» ha'm de «Konstitutsiya a'lemine sayaxat» oqıw pa'nlerin oqıtıw arqalıda mektep oqıwshılarının' huqıqıy bilimlerin jetilistiriwdin' na'tiyjeli usılı bolıp tabıladı. Bul oqıw kurslarının' uyretetug'ın maqset oqıwshılarg'a ma'mleket ha'm huqıq haqqındag'ı tusiniklerdi, ma'mlekettin' tiykarg'ı xızmetin ha'm huqıq printsiplerin, normativ aktlerdi, ma'mleket ha'm huqıqıtın' demokratik ja'miyet qurıwdag'ı sotsiallıq tarawların basqarıwdag'ı rolin, nızamshılıq belgilerdegi bilimler dizimin beriwden ibarat.

Oqıwshılardın' «Ma'mleket ha'm huqıq tiykarları» pa'nin ja'nede teren'irek uyreniw maqsetinde huqıqıy temalar boyınsha televizon ko'rsetiwler da'sturi islep shıg'ıwı ha'm a'melge asırılıwı kerek.

«Moral ha'm huqıq», «O'zbekistan Respublikasında hokimiyat organları dizimi», «?atandı qorg'aw», «Men Watanımdı suyemen», degen atamada kesheler o'tkerilip turıwı kerek.

Bul temalar birigip huqıqtanıw pa'ninin' tiykarın quraydı. Oqıwshılarg'a maqul bolatug'ın belgilengen ta'rtipte bilim beriw mazmunlı boladı. Belgilengen pa'ndi uyretiwdin' tiykarg'ı forması – bul sabaq. Aldı burın ha'r qanday pa'nge tiyisli sabaq zamanago'y talaplarg'a juwap beretug'ın bolıwı kerek. Bunday sabaqlardag'ı barlıq jag'day pedagogika, sotsiologiya, psixologiya ha'm basqa pa'nlerdegi en' jan'a jetiskenliklerdi, aldın'g'ı pedagogokalıq ta'jiriybeni esapqa alg'an halda a'melge asırıladı.

Yuridik tayarlıqtan o'tken tariyx ha'm ja'miyettanıw oqıtıwshıları tek g'ana huqıqtanıw tiykarlapı kursın o'tkeriwi, sonın' menen birge a'dettegidey ma'la'ha'tler beriw, metodikalıq islerdi orınlaw mumkin. Mekteplerde huqıq kabineti, huqıq muyeshleri, yuridik a'debiyatlar ko'rgizbesin o'tkeriwdi sho'lkemlestiriw kerek.

Mektep oqıwshıların qayta ta'rbiyalaw maqsetinde birinshi na'wbette oqıtıwshı, klass basshısı, mektep direktorı, pedagogikalıq ken'es, mektep ja'ma'tshiligi olar menen individual is alıp barıw arqalı erisiledi. Eger o'spirim militsiyanın' balalar xanasında esapta turg'an bolsa, mektep ja'ma'sinin' jası tolmag'anlar menen islesiw boyınsha komissiya, inspektsiya, ja'maat ta'rbiyashıları, atalıq sho'lkemleri a'melge asıratug'ın aldın alıw ilajları menen toltırıladı.

Ta'rbiyası qıyın bolg'an mektep oqıwshıları ushın olardın' huqıqıy ta'rbiyasın asırıw ushın, lektsiyalar ayına bir ma'rte, aldınnan islep qoyılg'an tematika boyınsha «Senin' bos waqtın'», «Jası tolmag'anlardın' juwapkershiligi», «Jınayat qıdırıw bo'liminin' jumıs kunleri» ha'm basqa temalar da oqıtılıwı kerek.

Mektep oqıtıwshıları, ta'rbiyashılari, klasstan ha'm mektepten tısqarı isler, huqıqıy ta'rbiya formalarının' barlıg'ın biliwi, sonın' menen birge oqıwshılardı usı islerge qatnastırıw, olardı islegen isleri ushın koshemetlew, bunday islerdi a'melge asırıwda o'zleri usınıs qılıwı kerek.

Huqıqıy bilimler dizimi – huqıqıy ta'rbiyanın' quramalı forması. Mektep oqıwshılarına O'zbekistan Respublikasının' Konstitutsiyasınnın' qag'ıydaların

uyretiw huqıqıy ta’rbiyalıq islerdin’ quramalı bag’darı esaplanadı. Huqıqtı uyretiw formaları ba’rqulla ha’m bir ma’rtelik bolıwı mumkin. Ba’rqulla a’mel qılıtug’ın formalarına to’mendegiler kiredi: huqıqıy bilimler, xalıq universitetleri, huqıqıy lektorlar, jas huqıqtanıwshılar klubları ha’m mektepler esaplanadı. Shınıg’ıwlar forması oqıwshının’ psixologik o’zine ta’n belgilerine dıqqat – itibarın ha’m qızıg’ıwshılıg’ın tez-tez o’zgertip turıwg’a beyimleskenligin espaqa alg’an jag’dayda alıp barıladı. Bug’an mısal «disputlar», tan’lawlar aldınan bir neshe shaxs so’zge shıg’ıp, ha’mmesi bir temanı ha’r ta’repleme dodalaydı. Mektep oqıwshılarının’ huqıqıy ta’rbiyasın ha’m huqıqıy ma’deniyatın asırıwda «nızamshılıq tiykarları» fakultativleri, «Ma’mleket ha’m huqıq tiykarları» kursı payda bolıwdan bir qansha aldınıraq payda bolg’an edi. Ayırım mekteplerde huqıq pa’ninin’ ja’riya etilgennen son’ fakultativ bilimlerdi o’tkeriw barsındag’ı iskerlik pa’seydi. Mekteptin’ ayırım oqıtıwshıları , direktorları, hozirgi fakultativler menen shug’ıllanıw kerekpe yaki huqıq pa’nleri menen shekleniwi kerekpe, usıg’an keuil bo’lmekte. Mekteptin’ is ta’jiriybesi sonnı ko’rsetedi fakultativler a’melde o’zleri aqladı. Olar oqıwshılardın’ aldın huqıqıy bilmilerdi teren’lestiriw ha’m ken’eytiwge ko’meklesedi.

Men pitkeriw qa’nigelik jumısımdı juwmaqlay otırıp, o’z pikirimdi aytıp o’tpekshimen. Mektep oqıwshılarının’ huqıqıy ma’deniyatın ko’teriw ulıwma ja’miyetshiliktin’ baslı maqseti esaplanadı. Sonın’ ushın ha’r jılı oqıw baslanıwdan aldın oqıwshılardın’ huqıqıy bilimi ha’m huqıqıy ta’rbiyası ma’seleleri boyınsha rayonlar ha’m qalalar aralıq konferentsiyalar o’tkerilse.

Olarda «Huqıqıy bilim ha’m ta’rbiyanın’ roli ha’m ornı», «Oqıwshılardın’ huqıqıy ta’rbiyası diziminde olardın’ individual o’zine ta’n belgilerin esapqa alıw» sıyaqlı ma’selelerde o’tkeriliwi kerek. «Ma’mleket ha’m huqıq tiykarları» kursın uyretiwde ko’birek Konstitutsiyag’a, onın’ normalarına toqtap o’tiwi kerek. Sonda oqıwshı o’zinin’ nelerge huqıqlı, nelerge minnetli ekenligin jaqsı tusinip baradı.

## Paydalang`an a`debiyatlar dizimi


1. O’zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi, Toshkent-2018y.
2. Qaraqalpaqstan Respublikasi Konstitutsiyasi N.2014j.
3. I.Karimov Ma`naviy yuksalish yo’lida Toshkent 1998y.
4. I.Karimov Barkamol avlod –O’zbekiston taraqqiyoti poydevori Toshkent –1998y.
5. I.Karimov O’zbekistonda demokratik wzgarishlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyati asoslarini shakillantirishning asosiy ywnalishlari. Toshkent 2002y.
6. X,Bobaev, S.Xasanov Avesto- ma`naviyatimiz sarchashmasi Toshkent, Adolat –2001y.
7. Temur tuziklari Toshkent, Adabiyot va san`at 1994y.
8. J.Bazarbaev Ma`nawiyatimiz ma`seleleri No`kis 2000j.
9. J.Bazarbaev «Milliy g`a`rezsizlik ideyasi» Ma`ruza manti
10. Mekteptegi huqiqiy pa`nlerinen sabaqliqlar.
11. U.Tadjixanov. A. Saydov «Huquqiy madaniyat nazariyasi» T, 1998y. 1-2 tom.